Хъизаналъго цIализе журнал

# МагIарулай

№ 1 / 2025

ISSN 0132-9634



## Ханика Хъазанбиева

*Кьоял рухIуларо, нухал къаларо...*

Маданият

ВатIанцоял

КIудияб Бергьенлъи босаралдаса 80 сон тIубаялде

Тухум-кьибил

РекIел ахIи

«Женщина Дагестана»
*на аварском языке*
№ 1/2025
***Учредитель:***
Агентство информации и печати
Республики Дагестан
***Главный редактор***
Х. А. Шамилова j-dag@mail.ru
***Редакционная коллегия:***
***заместитель главного редактора***
С. Х. Булгаева sulgi65@mail.ru
***Ответственный секретарь***
Н. М. Керимова kerimk@mail.ru
***Редактор русского выпуска***
Г. Х. Асадулаева musaeva_gulnara@mail.ru
***Редактор аварского выпуска***
Б. Ш. Мухидинова bahu4y@mail.ru
***Редактор даргинского выпуска***
П. Г. Вагидова vagidova.2024@mail.ru
***Редактор кумыкского выпуска***
П. Х. Хайбуллаева bike-1970@mail.ru
***Редактор лакского выпуска***
А. Ю. Абдурахманова delia25@mail.ru
***Редактор лезгинского выпуска***
Н. Н. Ибрагимова shikhnabieva1981@mail.ru
***Редактор табасаранского выпуска***
С. М. Исрафилова suvaynat@mail.ru
***Корреспонденты:***
А. Тажудинова
В. Ратенкова
Р. Бакидов
***Заведующая редакцией***
С. М. Гамзатова
***Художественный редактор***
Г. А. Курбан-Адамова guleymat@mail.ru
***Адрес редакции и издателя:***
367018, Республика Дагестан,
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.
j-dag@mail.ru; zhenshina_dag@e-dag.ru
Журнал отпечатан в типографии:
ГАУ РД Издательский дом «Дагестан».
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.
***Телефоны редакции:***
65-00-36, 65-00-37, 65-00-39, 65-00-40.
Официальный сайт
журнала «Женщина Дагестана»:
женщинадагестана.рф
Дата выхода в свет 28.02.2025 г.
Формат бумаги 70 х 100 1/16.
Объем: 5,5 усл. печ. л.
Заказ № 0103. Тираж (3602) 712 экз.
Журнал для семейного чтения. Издается с 1957 г.
Выходит на аварском, даргинском, кумыкском, лакском, лезгинском, русском, табасаранском языках один раз в два месяца.
Свидетельство о регистрации СМИ ПИ № ТУ05–00429 выдано Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан.

***Арт-директор*** – М. Ю. Моллакаев (MagHazar)
***Фотограф*** – Д. А. Джамалова

# *Журналалда руго:*

1 Редакторасул калам
***Рахьдал мацIазул ва цогидалъул хIакъалъулъ...***

2 Маданият
***Къоял рухIуларо, нухал къаларо...***

7 НекIозаманалъул биценал
***Ижаза гохIда***

10 Берцинлъиялъул къебелъи
***Клиентал гуро, гьалбал***

14 Лъайкьей
***Сундулъ бугеб мугIалимасул талихI?***

17 ШигIрияб бокIон
***ТIалхIат Ахъбердиев***

18 Инсан
***«Дир гIумруялде буго гъира...»***

22 ***Бабае барки***

23 ГIумруялдаса хабар
***Бокьарабахъ***

26 ВатIанцояй
***ВатIаналъул гьуинаб махI...***

31 ФСБялъул къоялде
***Инсул нухдасан***

36 РекIел ахIиялда рекъон
***«Поэзия – рохелги, магIуги гьаракьги...»***

41 Ясазул годекIан
***Ккана нилъ къоринире!***

43 ***Инсул мина***

44 8 марталде
***Къураб жоялдаса инкар гьабуге!***

46 Тухум-кьибил
***РакIал рагьидал...***

53 Накъитцояй
***ТIоцебесеб иргаялда гьеб берцинлъи ккола...***

***POST scriptum***

57. Красота и здоровье
***Исключительно для женщин – стоматология «Дизайн улыбки»***

60. Призвание
***Медицина – это моё***

62. Реклама
***Мелодия прекрасного***

64. Мастер
***Красота в глазах смотрящего***

На обложках:
I –Ханика Казанбиева, директор музея в Хунзахе
III, IV – Фотоэтюды К. Чутуева

# Рахъдал мацӀазул ва цогидалъул хӀакъалъулъ...



Щай дие къваригӀун бугеб Дагъистан,
Дир гьаракь бахъани дир лъималахъа?
Щай, дир магӀаруллъи, магӀарул чагӀаз
Чияр мацӀ бицунеб жидерго гъасда?

*Расул ХӀамзатов*

ЦӀияб 2025 соналъул тӀоцебесеб номералъул жилдазда, жидее хасиятаб миллияб яги гьелда релълъинабураб ратӀлилъ рахъана нижеца щибаб миллаталъул руччаби. ЛъикӀаб букӀинаан журнал, анкьго мацӀалда гуреб, анцӀила ункъабго хъвай-хъвагӀай бугел Дагъистаналъул мацӀазданиги бахъизе рес бугебани. Нилъер жакъа рес буго, китай мацӀ букӀаниги, бокьараб мацӀ лъазабизе. Гьебги кутакалда лъикӀ буго. Амма нилъеда нилъерго рахьдал мацӀ кӀочене бегьуларо. ГӀадада гурелъул гьелда рахьдал, эбелалъул рахьалда цадахъ чорхолъ бессараб мацӀилан абулеб. Инсул рукъги эбелалъул мацӀги – гьеле нилъеца нилъерго лъималазухъе кьезе кколеб умумузул ирс!

Нилъер рокъоса кӀодоэбелал тӀагӀаралдаса, тӀагӀана цо гӀажаибго гӀагараб, хинаб, хирияб, рекӀелъа рекӀелъе кьолеб, кӀудияз гьитӀиназухъе кьолеб, кӀудияб рухӀияб бечелъилъун кколеб – рахьдал мацӀ ва гьелъул бакъан. БитӀарав вуго Бродский, нилъ рачӀунила мацӀалда гъорлъейилан абулев, гьединго Хеллингерицаги абуна бидул хважаинзаби нилъ гурила, би бугила нилъер хважаин. Гьеб кӀиябго пикру цолъизабуни, нилъ гъорлъе лъугьунеб мацӀги, нилъер хважаин биги нилъедаса кӀудияб буго, нилъер къисматалдасаги кӀудияб буго, гьединлъидал гьаб гӀумруялда лъугьунеб-бахъунелдаса тӀадегӀанабги буго.

Араб соналъул декабрь моцӀалъ журналалъул редколлегия нижеца тӀобитӀана чанго районалда. Гьел дандчӀваяздаса хадуб, нижее дагьабги лъикӀ якъинлъана ниж битӀараб нухда рукӀин. Нилъеца, рахьдал мацӀазда кӀалъалел щиназ, цолъун, нилъеда бажарараб щинаб гьабизе ккола рахьдал мацӀал хӀалтӀиялъе ва гӀолеб гӀелалда гьеб лъаялъе. Гьелъие рахьдал мацӀазда рахъизе ккола газетал, журналал, гьел хъвазе ва цӀализе ккола, ва кӀвараб кумек гьабизе ккола миллиял театрал цӀунизеги. Биччан те гьеб букӀине кӀвар бугеб ишалъулъ нилъер гьитӀинабго бутӀа!

Хамис Шамилова,
*бетӀерай редактор*

# Кьоял рухІуларо, нухал къаларо…



***Музейилан абидал нужеда цебе щиб чIолеб? СихIкъотIи. Экскурсия бачунесул гьаракь гурони рагIулареб, сихIкъотIи, цо экспонаталда аскIоса цогидалде аскIоре рилълъунел, ралагьизе рачIарал, музеялъул низамалда хадур халккурал, гьелъул хIалтIухъаби. Гьеб бугоха нилъеда бихьулеб рахъ. Абизе бегьула гьеб бугин айсбергалъул тIогьилан. Унгоги гьелда нахъа бахчун буго музеялъул хIалтIухъабазул кIудияб, цогидазда бихьулареб, тарихияб ирс цIуниялъе гьабулеб хIалтIи. Гьеб киналъего гьале кIиго соналъ нухмалъи гьабулеб буго Хунзахъ тарихиябгун гIагараб ракь лъазабиялъул музеялъул заведующая Ханика ГIалибеговна Хъазанбиевалъ. Гьеб буго ГIалибег Тахо-Годил цIаралда бугеб Пачалихъияб Миллияб музеялъул филиал.***



РукIуна гIадамал хабарги гьуинал гъираялда жидерго хIалтIулги бицунел. Гьединайлъун ятана дида Ханикаги. Къокъаб заманалда жаниб гьелъул хIалтIизе бугеб гъираялъ цIезабуна музеялъул гIумру. Жиндирго гIагараб росдал, районалъул, гьенир ругел машгьурал бакIазул, гIадамазул ва бечедаб тарихалъул сагIтаца бицун бажарула Ханикахъа. Гьелъухъ гIенеккидал, пикрабалъ, нилъ некIсияб Хунзахъе щун ратула. Ханика жийгоги гьаюна ва гIуна Хунзахъ росулъ, гьей йиго историк, лъугIизабуна Дагъистаналъул Пачалихъияб педагогикияб институт.

Гьелъул эбел-эменги рукIана педагогал: эбел – ГIайшат ХIасанхIусеновна МухIамадова – филолог, эмен – ГIалибег Жалалудинович Хъазанбиев – историк. ТIоцебе ГIалибег Жалалудиновичас лъуна школалъул гьитIинабго гIагараб ракь лъазабиялъул музеялъе кьучI ва заманалдасан гьеб лъугьана, Дагъистаналъул маданияталъул Министерствоялъе мутIигIаб, ГI. Тахо-Годил цIаралда бугеб Пачалихъияб кIудияб музеялъул филиаллъун. Гьенир ругел экспонатазул 80 процент буго гьес бакIарараб ва цIунараб. Инсуца кьуна Ханикахъеги тарихалде ва гIагараб ракьалде рокьи. Къисматалъ рехун, къогогIан сон, ВатIаналдаса рикIкIад, Норвегиялъул Лиллихаммер шагьаралда баниги, 2023 соналъ гьей Хунзахъе тIадюссана, инсуца байбихьараб хIалтIи кодобе босизе ва цебе бачине.

Гьелъухъ ралагьидалцин бичIчIула Ханика ВатIаналде тIадюссиналдаса рази йикIин. Музеялъул коллективалъги гьей рохалида къабул гьаюн йиго, гьитIнаб заманаялъ, инсуе кумекалъе, кидаго музеялдалъидал Ханика йикIуней йикIарай.

– Дие гьаб гьадингояб хIалтIи гуро, дие гьаб буго, жиндир гIумрудул гIемерал сонал кьураб, инсул хIалтIи, чIезе течIого, цебе бачине рес. Мунагьал чураяв инсул гIагараб ракьалъул тарих цIуниялде букIараб рокьи буго дие хIалтIи цебе тункиялъе гъира базабулеб кIудияб къуватлъун. Инсуца васият гьабуна дие рокъое юссине, кинабго къуватги, жанги, рокьиги жаниб лъун жинца гьабураб хIалтIи цIунизе ва наслабазухъе кьезе. Байбихьуда дун хаган хутIун йикIана: щиб гьабилеб, сундасан байбихьилеб? – илан бицана Ханикаца. – Жакъа къоялде музеялда цере чIарал гIемерал суалал руго. Умумузул бечедаб ирс – 6200 гIанасеб экспонат буго гьезие данде кколареб температура ва регьел бугеб бакIалда цIунун. Музей жаниб бугеб XIX гIасруялъул къангIатаб мина бихxун унеб буго. Нижеда цебе буго масъала гьелъие реставрация гьабизе ва наслабазе цIунизе. БетIераб музеялда цадахъ, Минкультуралъул кумекалдалъун, кIвараб хIаракат бахъулеб буго ва хьул къотIулеб гьечIо гьеб хIалтIи нижехъа гьабун бажарилилан.

Дирго цIияб хIалтIи дие ракIракIалъ бокьула. БатIияб къагIидаялъ букIине ресги гьечIо. Хундерил ханлъиялъул тарих рагIа-ракьанде щун лъазе бокьун буго дие: буго тIад хIалтIизе, хадур лъугьине, рихьизаризе ва цIех-рех гьабизе кколел бакIал. Районалъул культураялъул ва лъайкьеялъул идарабигун гъункун хIалтIула ниж. Музеялъул буго жаниб цIураб, жигараб гIумру, нижеца ясбер гIадин цIунун буго гIагараб ракьалъул тарих.

ЦIияб бокьулев жигарав нухмалъулев заманалда рекъон вилълъуна цеве: Ханика ГIалибеговналъ музеялъул гIумрудул жамгIиял гьундуздасан бицунеб буго, батIи-батIиял форумазда, проектазда гIахьаллъи гьабулеб буго, кватIичIого, 3Д форматги хIалтIизабун, музеялда онлайн-экскурсиял гьарун бажарулеб куцалда тIад хIалтIулей йиго гьей. Гьел гурелги гIемерал цIилъиял рукIине руго Хунзахъ музеялдаги, кIудиял шагьаразул музеязда жакъа хIалтIулел ругел.

– Дие бокьула дидаго тIад хIалтIизе, профессионалияб ва рухIияб рахъалъ цее ине. ЦIалиялъул ва лъаялъул къимат тIадегIанаб хъизаналда гIедал батилаха. Дирги дир кIияйго яцалъулги букIана цIакъ талихIаб, эбел-инсул рокьуца ва тIалабалъ реэдараб лъимерлъи. ДГПУялъул диплом щведал, дун хIалтIана тарихалъул учительлъун Хунзахъ ва Буйнахъскалда школазда. Дагъистан тун къватIий дун гIурус мацIалъул преподавательлъун хIалтIана. КIиго соналъ лъайкьеялъул иш цебе бачуней организаторги йикIана, гьениб щвана къиматаб нухмалъи гьабиялъул хIалбихьиги.

***– Мун Норвегиялде кинха ккарай?***

– Ниж, гьудулзабаз ахIун, хъизангун ана гьенире.

***– Нужер кIудияб хъизанищ бугеб?***



– Нижер вуго ункъо вас. Гьенире унаго нижер лъабго вас вукӀана. Ункъабилев гьавуна Норвегиялда.

***– ВатӀаналде тӀад киналго цадахъищ руссарал?***

– Гуро. Дир бетӀергьанчи стоматолог вукӀана. Амма гьеб специальносталда дова хӀалтӀун бажаричӀо, дозул мацӀ гьесда цӀакъ захӀматго гурони лъазабун бажарулеб букӀинчӀого. МацӀ лъачӀони, гьеб специальносталда доба экзамен кьун бажарулароан. Вас гьавун хадуб гьев ана рокъове, дун ункъавго васгун доя чӀана. Ниж ратӀалъана. Дун хӀалтӀулей йикӀана эмигрантазе адаптация гьабулеб централда, психолог хӀисабалда гьабулаан гьезие кумек. Цо заманаялъ Норвегиялъул гуманитарияб институталда гӀурус мацӀ кьолаан дица. ХӀалтӀана месед-гӀарац бичулеб ва хириял брендазул ретӀел бичулеб тукабазда. Дидаги лъималаздаги хехго лъана норвегиялъул ва ингилис мацӀ. Дир гьудулзаби рукӀана норвежкаби. Амма гӀемерисел гьудулзаби рукӀана норвежцазе росасе арал гӀурусал, чачанал. Гьелги дора гӀемер руго. Амма дагъистаниял цӀакъ дагь гурони гьечӀо.

***– Кибха нужеца гӀумру гьабун букӀараб?***

– Лиллихаммер шагьаралъул бакьулъ нижеца ккун буго кӀудияб гьечӀеб кӀиго тӀалаялъулаб мина.

***– Гьанже мун васалгунищ тӀадюссарай?***

– Дир бищун кӀудияв васас некӀогоялдаса нахъе гӀумру гьабулеб буго Хунзахъ. КӀудадахъе

щвезе арав гьес хIукму гьабуна, кинабго жиндие гIагараб бакIалда, Хунзахъ чIезе. Гьенисаго ясги ячун, хъизанги гьабун, гьес дие сайгъат гьаруна кIиго меседил гарал гIадал ясал.

КIиявго гьоркьохъел васал ВатIаналде руссине хIадурулел руго. ГьитIинав цIали лъугIизегIан дова хутIилаха.

***– БатIиял начализхъазде гIумру гьабизе арал россиялъулал гIемерисел тIадруссуна. Мисалалъе: Александр Вертинский, машгьурав кочIохъан, къого сон эмиграциялдаги бан, битIун КIудияб ВатIанияб рагъул кор боркьараб мехалъ тIадвуссана, халкъалда цадахъ вукIиневилан. Машгьураб «Лезгинка» ансамблялъул ветеранал эмиграциялдаса дагъистаналде некIого тIадруссана: цо-цоязда бичIчIана ургъичIого тIамураб гали букIин, цогидазе дозул жидедехун бугеб бербалагьи рекIее гIечIо... Дур кинаб гIилла букIараб?***

– Дун тIадюссана ВатIаналъе пайдаяйлъун йикIине бокьун ва инсуе кьураб рагIи тIубазабизе. Норвегиялда россиялъулазде бербалагьи лъикIаб буго, цогидал Прибалтикаялъул ва Украинаялъул чагIазул гIадаб нацизм доба гьечIо...

***– КъватIисеб начализхъалда гьелгощинал сонал рараб мехалъ, чIалгIен щибжояли бичIчIаниш дуда?***

– Ниж унго рукIана цодагьаб заманалъилан... ТIоцебесеб соналъ дун кутакалда рукъалъухъ чIалгIун, гIащикълъун йикIана. Северун кинабго чияраб, бичIчIулареб мацI, гIажаибго ретIа-къарал гIадамал, рукIа-рахъин... Дун хвасар гьаюна вас гьавиялъ. Лъималазде юссун, дун сундего регIичIо ва, дагь-дагькун, ругьунлъун ятана гьеб ахIвал-хIалалде.

***– Дуда хъатIичIищ гьаб Европаялъул, хасго скандинавиялъул пачалихъазул ювеналияб юстиция?***

– Росгун ятIалъун, дунго хутIидал, рачIун рукIарал дихъеги опекаялъул хIалтIухъаби. Гьел рачIунеллъи лъан, дица законал лъазарун рукIана. Дир рокъов наблюдатель тезе лъугьун рукIана гьел, нижер гIумруялда хадуб халкквезе. Амма дица официалияб инкар хъвана, гьеб нижее хIажат гьечIилан. Школалдаги абуна дида дун лъикIай эбел гьечIилан. Гьеб мехалъги тIалаб гьабуна дица гьезухъа кагъат, кинаб бакIалда щиб дихъа гьабун бажарулеб гьечIебали хъвараб. Кофе гьекъезе гIодор чIараб бакIалда, учительзабазда ракIалде ккун букIун буго дихъа лъимал нахъе рахъизе. Гьеб лъайдал, дица гьезда абуна дир адвокатасда нужер хIалтIулъги гIемерал гъалатIал ратун ругин ва гьев гIарзаялда тIад хIалтIилев вугилан. БитIараб бицани, кинав вукIаниги адвокат дир вукIинчIо. Амма дозда бичIчIана, махсародеги ккун, дихъа лъимал нахъе рахъун бажаруларебльи.

***– Мун бахIарчияй чIужугIадан йиго! Духъа бажарана ине, къварильи ккечIого тIадюссине ва цIидасан дурго бакI батизе!***

– Дун хIинкъуларо къисматалде данде ине, хIинкъуларо хиса-басияздаса. Амма дидаго хадур кьоялги рухIуларо, нухалги къаларо, бокьани дирго ВатIаналде тIадюссине ва цIидасан байбихьизе!

***Виолетта Ратенкова***



# Ижаза гохIда

Халкъалъ вищун тарав халкълавчи гурони, жеги Гъумекиб ханзабигицин гьечIеб некIозаманаялъ, гьенив гIумру гьабун вукIун вуго цо Артрил ГIумаханилан абурав чи. Гьесул йикIун йиго Ижазайилан цIар бугей цIакъ берцинай яс – ункъо вацасул яц. Цо нухалъ Гъумекиве жиндирго даран-базаралъул ишаз щун вуго душетиялъул хан. Гьесда цадахъ вукIун вуго гьесул гIолохъанав васги. Бицен буго гьесул рокьи ккун бугила гьей ясалъухъилан.

Гъази-Гъумекисел бусурбаби рукIуна. Душетиялин абуни – христианал. Гьединлъидал, диналда рекъонги гьей яс гьесие кьезе кинго рес букIинчIо. Амма душетиялъул ханас, Ижазаца христианазул дин босилин хьулалъ, гьелъул эмен ГIумаханида гьарула яс жиндир васасе кьейилан. Гьев ханасул, бокьараб данделкунгутIи биял тIеялде сверизабулеб, квешаб хасиятги лъан, росдал харабаз гьарула ГIумаханида, гьарейила гьесда ургъизе заман кьейилан. Щиб лъалеб, гьеб заманалда жаниб гьев ханасул васасда ясги кIочене бегьулилан. Гьез малъарабги гьабун,



жаваб кьезе чанго моцӀ цӀала ГӀумаханица. Гьел уна, амма, моцӀ иналдего, цӀидасан рачӀуна. Гьаб нухалъ хан вачӀуна жиндирго чукъа-рахангун, бечедал сайгъаталгун ва яс ячинчӀого тӀадруссинарилан.

Жиндир инсуе бачӀараб щинаб месед-гӀарац ва чуял рихьидал, Ижазада бичӀчӀула, гьеб гьелъухъ бачӀараб хъалим букӀин ва гьелъул къисматалъе хӀукму къотӀун букӀин. Гьей, рокъоса тӀурун, тӀоралде руссарал ролъул хурзабахъ яхчула. Гьеб заманаялъ, росдал харабиги гӀагарлъиги бакӀарун, Ижаза душетиясе кьезе хӀукму гьабула. Рокъоса яс тӀагӀун йикӀин бичӀчӀарав ГӀумаханица, васазда абула гьей ялагьун рачӀаян. Гьей хӀалица рокъое ячун ячӀуна ва душетиясе кьезе хӀукму гьабунилан бицуна.

Гъумекдерил гӀадатазда рекъон, бахӀаралъул нухда кӀиябго рахъалдасан ракулаан цӀаял ва бахӀаралъул чукъа-раххан гьезда гьоркьосан унаан. Ижазада ракӀалде ккола, дун цӀадулъе кӀанцӀилин, ВатӀан тун инегӀанилан. Амма бахӀарав цӀакъ лебалав ватун, гьес хвасар гьаюла. Гьелъ кӀиабилеб нухалъги хӀалбихьула хвезе, гӀурулъеги кӀанцӀун, амма ханасул васас гьенисаги яхъула.

Душетиялда гьел цӀакъ кӀудияб рохалида, бертин-туялда, бечедго гӀуцӀцӀараб тепсиялда нахъа дандчӀвала. Гьенир режун лъурал болъонил тӀанчӀи рихьидал, Ижаза кьурун юссун чӀола – бусурбабаз болъонил гьан кунареблъидал.

Алъул мацIги лъалареблъидал, душетиял рукIуна, щайдай гьалъ щибго кунареб, хIангун чед тун батIияб жоян. Цо нухалъ Ижазаца гьединго бежун бачIараб болъонил гIундул къотIула. Гьанже душетиязда ракIалде ккола гьалъие болъонил гIундул рокьулел ругилан ва щибаб къоялъ бачIуна бежараб болъон босун. Ва щибаб къоялъ гьелъул гIундулги къотIун, кваридаги ран, ракъвазарула Ижазацаги. Хадуб гьелъ гьел болъонил гIундул, балъго, росулъе инсухъе ритIула. БичIчIула инсуда, ясалъул гьел капурзабазда гьоркьоб бугеб ахIвал-хIал ва, цо рокъовехун вачIунев чиясда цадахъ, тIурейилан хабар битIула.

Инсухъан ругьел щведал, Ижаза цадахъ вилълъине чи щвезегIан чIоларо, месед-гIарацалъ гъаравашги йичун йосун, тIурула гьениса жийго…

Гьеб букIуна хаслихълъи. Рогьалилъ къватIие яхъарай гьей цониги нухалъ я хIухьбахъизе, яги лъим гьекъезе лъалхъуларо, унейго уней йикIуна. БитIун бакъ эхеде бахарабго, Ижазада чуязул тIваркъи рагIула. Гьелда бичIчIула жинда хадур рачIунел рукIине бегьулеблъи ва тIокIаб яхчизе бакI букIинчIого, гIинтIидул хъархъалъ яхчула. Сордоги рукIкIун, гьел тIадруссиндал, цIидасан нухда яхъуна Ижаза…

Бусурбабазул росабалъ мигIмароялдасан рогьалилъ как ахIула. Изажа гIенеккун йикIуна, щун гьечIодай дун нижерго ракьалде, ахIулеб гьечIодай какилан. Амма рагIулеб букIунаро. «Я хирияв Аллагь, цо нухалъ как ахIулеб рагIизе рес кье дие, гьелдаса хадуб хваниги кIваричIо», – йилан Аллагьасде гьарделей йикIуна гьей тIубараб нухалъ. Ахиралдаги, цо роцIцIараб, гвангъараб моцIрол сордоялъ, гьелда кIкIалал добцояб рахъалда бихьула жиндие гIагараб гохI, гьелъул добцояб рахъалда букIуна хирияб Гъумекиб. Кинабго свакги, ракъиги, къечейги кIочон, екерула гьай кIкIалахъе ва гьениса тIаде ххаризе лъугьана. Ижаза гохIде тIаде яхараб лахIзаталъ мажгиталдасан как ахIулеб гьаракь рагIула. «Рецц Аллагьасе» – йилан ахIула Ижазаца, кIиябго кверги зодобе борхун, ва гьеб бакIалдаго гIодой ккола.

Ятула гьей тIаде щварал гIухьбузда, юкъула ва хабада лъола ганчIил чирахъ.

Гьенисан гIемерал гIасрабазе Гъумекдерие щвана, Аллагьасде гьаригун, Ижазал хабада чирахъ бакулеб гIадат. РикIкIаде сапаралъ вахъунев чи вачIуна Ижазал хабаде, тIола чирахъалъубе нах ва, сапар битIун тIад вуссине Аллагьас хъван батагиян, дугIагун бакула.

Гьеб гIадат гъумекдерил жакъа къоялдаги буго.

***Интернеталдаса босараб***



Нина
ХIажиева

# Клиентал гуро, гьалбал

***Наида ХIажиева ккола Шималияб Кавказалда ругел «Mozart House» компаниязул къокъадул, халкъазда гьоркьосеб цIалул централъул, малъал къачIаялъул ва берцинлъиялъул студиялъул нухмалъулей. Гьей чанцIулго яхъун йикIана «Невские берега» ва «Nail olimp» халкъазда гьоркьосел чемпионатазул призерлъун, бергьун йикIана малъал къачIаялъул рахъалъ Россиялъул чемпионаталда. Руго салоналъул бизнесалъе нухмалъи гьабизе малъулел жиндирго хасал курсалги.***
***Нилъер журналалъе къураб интервьюялда Нина ХIажиевалъ бицана МахIачхъалаялъул цойгидал салоназдаса жиндиралъулго батIалъиялъул, къимат къуна республикаялъул маникюрияб искусствоялъе, бицана кинаб букIине кколеб жакъасеб берцинлъиялъул салонали.***

***– Бице къокъго дурго ва дур бизнесалъул хIакъалъулъ.***

– Берцинлъиялъул салоназул бизнесалда дун хIалтIилей йиго 30 соналъ. Гьездасан анцIила щуго сон буго дирго бизнесалъул ва «Mozart House» маникюралъул школалъул. Кинабго байбихьана гIумрудул 18 сонил ригьалдаго. Хъизаналъе кумек букIинеян, дун хIалтIизе лъугьана салоналде. Цадахъго цIализе лъугьана вузалде ва босана тIадегIанаб лъай. Цинги цIалана бизнесалъе ва персоналалъе нухмалъи гьабиялъе. Рецц Аллагьасе буго, дун гьеб нухдасан ячарав.

***– Кинал тIалабал рукIунел дур хIалтIуде росулездехун? Мун хIинкъуларищ бокьараб мехалъ конкурентазухъе ине бегьулезда дурго иш т1адкъазе?***

– Дир салоналъул бищун кIудияб бергьенлъи ккола, нижеца, нижерго махщелчагIазул хIалтIи камил гьабизелъун, гьел цIализе ритIулел рукIин. Махщалие цIализе бокьаразул бищун лъикIазе нижеца хIалтIизе бакIал чIезарула. Жакъа къоялде азаргоялдасаги цIикIкIун шагьаралъул салоназда хIалтIулел ккола «Mozart House» школа лъугIарал. ЦIалуда цадахъго нижеца гьезулъ бижизабула гьабулеб ишалде рокьиги, гьелъ хIалтIухъаби магIна-гIин бугелги лъугьуна.

***– Сундулъ бугеб дур салоналъул цойгидаздаса батIалъи, салонал гIемер рукIиналъ захIмат гьечIищ хIалтIи цебе бачине?***

– ТIолабго концепция ва батIалъи буго нижеца тIадегIанаб даражаялъул хIалтIи гьоркьохъеб




багьаялде гьабулеб букIин. Гьединлъидал батила нижехъе студентаздаса байбихьун министразул лъудбузде гIунтIун рачIунелги. ХIурмат тIадегIанал нужер редакторалги ккола нижер клиентал. Гьеб рагIиги нижеца хIалтIизабуларебха. Нижехъе рачIунел киналго ккола, клиентал гурел, гьалбал. Гьалбадериде гIадинаб, чай-лъингун, гьуинаб бербалагьиги букIуна нижер гьездехун. ТIаде рачIаразде гуреб, хIалтIухъабаздеги берцинаб бербалагьи букIиналъ, дагьаб буго лъагIалие нижер кадразул тIаса ин (1-2 % ккола гьеб, цойгидал салоназул 50-60 % данде). ГIемерисел жидерго хIалтIулаб нух салоналда бухьинабурал руго нижер хIалтIухъаби, руго 9 -10 соналъ нижгун ругелги.

***– РукIунел ратилаха захIматал клиенталги, нужеца абухъе, гьалбал. Кин гьелгун хIалтIулел?***

– Нижее рукIунаро захIматал гьалбал. Гьел киналго руго рокьулел гьалбал ва нижехъ гьел рокъор гIадин рукIуна. Киназулгун гIаммаб мацI батизе кIола нижеда.

***– Кинаб къимат дуца кьолеб нилъер шагьаралда бугеб маникюрияб махщалие?***

– ГьедигIан тIадегIанаб кьоларо. ГьабсагIат бокьа-бокьараз кодоре росулел руго гьаркьалги, къукьмаххалги ва лъазабулеб буго жал рас, малъал къачIаялъул мастерал ругилан. Гьединаз хвезабулеб буго нижер искусство. ГIадамасе тIадегIанаб даражаялда хъулухъ гьабизе ккани, цIализе ккола лъагIелалъ, цIикIкIунцин. ГьабсагIатин

абуни, цо киб букIаниги анкьицаги цIалун, байбихьулеб буго хIалтIуде. Дир анищ буго нижер хIалтIуда тIад халкквей пачалихъиял гIуцIабаз гьабизе ва далаклъун ялъуни малъазул мастерлъун рахъин гIелмуялъулгун лъайкьеялъул Министерствоялъул бербалагьиялда гъоркь букIине.

***– Кинабха, дур пикруялда, букIине кколеб жакъасеб лъикIаб салон?***

– Машгьурлъулеб буго цо хъулухъ гьабиялъул салоназул хIалтIи, гьелъ рес кьола хъулухъазул даража борхизабизе. Гьединаблъун бихьула дида мисалияб салон. Кинабго ункъго кверालдалъун гьабизе рес кьолел кIудиял салоназул заман унеб буго.

***– Дуе бокьилаанищ дур ясдур ишалъул ирсилайлъун йикIине?***

– Дица рикIкIуна лъималаз жидецаго тIаса бищизе кколин бокьулеб ишилан. ХIал гьабун хъизаналъулаб бизнесалде гьел разаризе бегьуларо. Амма дирго ясги гьелъул мурадалги лъалаго абила, гьелъие гьаб хIалтIи къабуллъиларилан.

***– Ахиралдаги. Лъабго рагIудалъун абе дурго хIалтIул хIакъалъулъ.***

– ТIадегIанаб даражаялда, учузго, модаялда рекъон.

***Руслан Бакъидов***



## Сияна
## Къадиева



# Сундулъ бугеб мугIалимасул талихI?

***Гьеб суалалъе жаваб кьуна тахшагьаралъул № 28 гимназиялъул гIурус мацIалъул ва литератураялъул мугIалим, РФялъул лъайкьеялъул ХIурматияй хIалтIухъан Сияна МухIамадсаниевна Къадиевалъ.***

– Кутакалда бокьула ва чIухIула дун дирго хIалтIиялдаса, къабуллъула лъималазулгун хIалтIи, гьезул зирарал ва рохарал гьаркьал, ракI рагьи, гъираялда жаваб кьола гьезул рикIкIен гIемерал «щаязе». ХIалтIи буго дир гIумрудул магIна.

Лъимерлъудаго мугIалимлъун яхъине дир анищ букIанилан абизе кIвеларо, амма школа лъугIулелъул, кIудияб гъира ккана лъималазда гIурус мацI ва адабият малъизе. ГьитIинаб къоялдаса нахъе дица гIемер тIахьал цIалулаан, бищун вокьулев геройлъун Робинзон Крузоги «кинабголъун» А.Пушкинги рукIана дие!

ГIуна дун рикIкIадаб Уралалъул Пермалда. Дир эмен пахьул устар вукIун, гьев ватIан тун къватIиве ккун вукIана. Гьенисан гьев ана армиялде, цинги байбихьана КIудияб ВатIанияб рагъ, Рагъ лъугIун хадубги гIумру гьабун хутIана Пермалдаго. Амма чIужу ватIаналда – Дагъистаналда ятана. Ниж ккола тумазул Уллучара росулъа. ГIумру гьабун Уралалда рукIаниги, лъимал гьаризе эбел ватIаналде унаан, дунги Дагъистаналда ячIана дунялалде.

Каникулаз умумуз ниж рачунаан магIарухъе к1одоэбелалъухъе. Дагьай кIудияй гIедал дица инкар гьабуна Пермалде тIадюссине. Хадуб вацалгун эбел-эменги рахъана Дагъистаналде. Избербашалда школаги лъугIун дун цIализе лъугьана ДГУялъул филологияб факультеталде.

ЧIахIиял курсазул студенткалъун йикIаго, школалда хIалтIизе лъугьана, цIалулаго ана росасеги. ВукIинесев бахIарас дида байбихьудаго лъазабуна: «Дун рекIее гIун ватани, ячIа дандчIваялде, къабуллъун ватичIони, лъихъниги гIенеккуге, инкар гьабе...», – ян. Дун дандчIваялде ана... Росгун МахIачхъалаялде яхъине ккана. Ана 45 сон. Нижер вуго лъабго васги анкьго гьезул лъималги. БетIергьанчи ккола ГIурус театралъул бетIерав инженер.

Байбихьудаго хъизамалъулаб гIумруги хIалтIиги цадахъ бачине ккеялъ захIмат букIаниги. киданиги ракIалде ккечIо хIалтIи хисизе. Дирго цIалдохъабигун гали-гали ккун дица нахъа тана гIумруялъул кIудияб мактаб. Дилъ куцан рачIана мугIалимасе хIажатал кьвари, гIорхъи гьечIеб сабру, божел ва рокьи гIадал хасиятал. Рокьи гIумруялде, гьабулеб хIалтIуде, бищун цебе-лъималазде.

Цин, бихьизабиялда рекъон, дун хIалтIана Красноармейск поселокалда. ЗахIматго букIана шагьаралдаса дое хьвадизе, гьединлъидал дун ячана №26 школалде. ГьабсагIатги школалъул гьудулзабазулгун дандчIваязде ахIула дун гьеб школалъул лъималаз. ТIоцебесеб дандчIваялда дун хIинкъун йикIана кIудиял гIурал лъимал ратIа рахъизе лъаларилан, амма гьеб хIинкъи гIададисеб батана. 28-абилеб школалда дун хIалтIилей йиго 35 соналъ. КъватIире риччана анцIгониги выпускалъул лъимал. Классруклъи гьабичIого цониги цIалул соналъ чIезе кIоларо дида. Дарсил заманалда гуребги цIализе, нилъго нилъедаго тIад хIалтIизе тIамула гьелъ.

Лъайкьеялъул жакъасел тIалабаз учителасда цебе лъола цIиял технологиял лъазаризе ккей. Дарс лъугьине ккани, гьеб лъималазе бокьиледухъ тIобитIизе ккола. ГIадатго, босиледухъ бичIчизабизе ккола материал. Гьаниб кумекалъе бачIуна Интернет. Гьанжесел лъималаз мугIалимасдацин малъизе жо гIемераб батула. Кинабго лъазе бокьи, цIиял асаразде ва хIалбихьиязде журай лъималазе хасиятаб буго. Гьединлъидал заманалда цадахъ хьвадизе ккола, киналго рахъаз цеветIуравлъун, лъималазул суалазе жаваб кьезе, жиндирго дарсалде рокьи бижизабизе лъалевлъун вукIине тIадав мугIалимги. РакI лъикIлъиги, рокьиги, хинлъиги гьечIого гьеб бажаруларо!

Дарсазда гьудуллъиялъулаб ахIвал-хIалалъ, класс тун къватIибехунги ракI рагьараб гара-чIварияз рагьула цIалдохъан. Дица тIолабго жигар буссинабула щибаб лъимералда сверухъ рокьул ва цоцазда ричIчIиялъул ахIвал-хIал гIуцIиялде. Кумек гьабула лъимерлъудасанго нилъеца бицунеб рахьдал мацIалъги.

Адабияталъул дарсазда дица лъимал тIамула гIумруялъул, инсаниял гьоркьорлъабазул, жидерго ишазул пикру гьабизе. Амма гьелдаго цадахъ бичIчIула цIалул тIахьаздасан рухIиял гьоркьорлъабазул малъун бажаруларебльи. Вокьулев мугIалимас абулеб батIайиса къабул гьабула лъималаз вокьичIев ва къабул гьавичIев чияс абулелдаса.

Школалда хIалтIизе байбихьараб мехалъ щущана учителасул хIалтIул хIакъалъулъ ругелщинал маргьуял пикраби. КIиго-лъабго тIубазегIан, дагьаб заманалъ гурого хIалтIуларел чагIиян ккола мугIалимзаби киназдаго, амма кIочон тола гьезул хIалтIул къо микьгоялдаса байбихьулеблъи. ХIалтIуда хадусеб мугIалимасул «хIухьбахъиги» – лъебергo-кIикъого тетрадалъул хал гьаби ккола. Байрамкъоязда цебесеб къоялъ кванил тукадаса пакетаздаса бакIал рукIуна гьел тетрадалги!

Йигищ дун талихIай? Щивасул жиндир-жиндир руго талихIалъул рихьизариял. Дун талихIай йиго бокьулеб ишалда гъорлъ йикIиналъ. Дун дирго цIалдохъабигун хIалтIула махщел камил гьабиялда тIад, гьелгун бихьула тIолабго дунял. Йохула, лъималазул лъаялде гъира бихьидал.

***Дица рикIкIунаро: «Лъимал нилъер букIинесеб ккола ва учителасда бараб буго кинаблъун гьеб букIинебали», – ян абураб калам гIададисеблъун. Дир цIалдохъаби дир бечелъи ккола!***

*Марина Керимова*



**ТІалхІат Ахъбердиев**

***Хунзахъа КІудияб ВатІанияб рагъул командир ИманшапигІ Ахъбердиевасул хъизаналда 1938 соналъ гьавуна ТІалхІат. Инсуца рагъулаб хъулухъ гьабулеб букІараб Украинаялъул Львов областалъул Каменец-Струмиловка шагьаралде тІаде щвана бачІинахъего рагъ ва гьениса лъутун рокъоре рорчІана ТІалхІатги лъимаде йигей эбелги. Эмен рагъда чІвана. Эбелалъ къобихьун гІезаруна ТІалхІатги Умужатги.***

***Нижеца гъоркьехун кьолел ругел кучІдузул автор, гІумруялъ Гъизилюрт шагьаралда хІалтІарав «СССРалъул сахлъи цІуниялъул отличник», «Дагъистаналъул мустахІикъав тохтур» ТІалхІат Ахъбердиев гІемерисезда лъала шагІир хІисабалдаги. Гьарула гьесие сахлъи ва халатаб гІумру.***

# Эбел жаний гьечІеб рокъове щведал

Рукъзал ва сверухълъи сихІкъотІун буго,
Щибго чІинхъи гьечІо гІиналда чІвалеб,
«Эбел къватІий йигин, къваригІелалъ ун», –
БачІана рекІелъе ругьунаб пикру.

Гъоркьа рокъовехун щвараб мехалда,
ТІаса рокъой йигин эбелан тола;
ТІаса рокъовехун вахараб мехалъ,
Гьай гъоркьа ятилин гьабула хІисаб.

ПастІаниб бижараб гІурччинлъиялъул
Гьороца шуршулеб сас рагІарабго,
Эбел квалквадулей йигилан ккола,
Яккун ячІинилан сабру гьабула.

Макьида рогьалилъ цебе тІамула:
«Кваназе вахъа», – ян диде ахІулеб.
Гьайбатаб, гІагараб, рохалил цІураб
Эбелалъул гьаракь – кІочон толареб.

Нагагь, маркІачІуда къватІив вахъани,
РекІун тола чирахъ дица ургъунго,
Сардилъ вуссунелъул канлъи бихьигун,
Эбел рокъой йигин ракІалде ккезе.

Мадина
Абушева



# «Дир гӀумруялде буго гъира ...»

***КъанагӀат гурого дандчӀваларо гӀумруялда тӀубан батӀи-батӀиял интересал ругел чагӀи. Гьелъие жавабалъе Мадина Абушева гьимана: «Дунго гӀажаиблъула, щай щиб иш гьабизе лъугьаниги, дун киналъулго кьочӀокье яккизе лъугьуней», – ян. Гьазул лъимал гӀемераб хъизаналда руго, гьайго гӀадин нотариаталда хӀалтӀулелги, батӀи-батӀиял пачалихъиял ишазда ва дармилал гӀадамалги. ЦӀикӀкӀарав вацасин абуни, тӀубанго машгьур гьабуна хъизан – гьев вахъана Олимпиадаялъул чемпионлъун.***

*Сундулго байбихьи...*

Хинаб асаргун бицунеб буго Мадинаца жиндирго хъизаналъул, рукъалъе кинабго кьурай, ракӀалдаго гьечӀого, машгьурай художниклъун яхъине жиндилъ кьучӀ лъурай эбелалъул.

– ГӀажаиблъуге, – ян гьимана гьей. Дирго ясалъулъ гьунар борчӀидал, творчествоялде яна дунгоги. Цо нухалъ, ясалъ гьабичӀого хутӀараб, рокъобе кьураб хӀалтӀи лъугӀизабуна ургъел ккарай Мадинаца. Гьелъул хӀалтӀи бихьидал, педагогас лъазабуна, гьадинаб махщел бахчун тезе бегьуларилан.

– Дица бигьаго кьуна экзаменал ва цӀалуца, художественнияб сверухъалъиялъ жание цӀайдал, дир хӀукму ккана дирго авторалъулаб бакӀ кквезе.

Худграфалъул хӀалтӀухъабаз Мадина Абушевалъул хӀакъалъулъ абулеб буго, гьей пикру гьабизе лъалей, сверухъалъиялде жиндиего хасиятаб бербалагьи бугей художник йигилан.

– Инсанасул хасият камил гьабулеб, сурат бахъулеб, дуниял бечед гьабулеб жанисеб хӀалтӀуца кьола лазатги пикрияб эркенлъиги. Дир ракӀчӀей буго гьеб батӀияб, кӀвар бугеб хӀалтӀуца гӀумрудул рахъалъ, нотариаталда хӀалтӀулъ бугелде тӀадеги, жавабчилъи бижизабиялда.

Мадина Минажутдиновна ккола профессионалияб нотариаталда цӀар бугей, чанги захӀматаб суал тӀубазе гьунар гӀурай махщалилай.

Сундулъха бугеб цебетӀеялъул балъголъи? Гьазул кӀудияб хъизаналда кинабго бухьараб букӀана цӀалуда, щибаб рагӀул жавабчилъиялда.

– Эбел-инсуца нижеда малъулаан гӀадамасул адаб бугеллъун, цойгидазе кумек гьабулеллъун рукӀине. Диеги бокьана гӀадамазе пайдаяйлъун йикӀине. Яц Мусли-



матги ана дир нухдасан. Гьей ккола Гъарабудахкент районалъул нотариус.

Жийго кьучIай инсан Мадина Минажутдиновналъ лъугIизабуна ДГУялъул юрфак.

– ГъалатIал, закон хвезаби борчIичIого хутIизелъун, дие кIвар букIана нотариаталъул аслу, гIуцIи бичIчIизе. Республикаялда буго, республикаялъул Нотариалияб палатаялъул тIалабазда рекъон хIалтIулеб, кIинусгогIан нотариалияб контора. Доб заманалда дица хъван букIана «Такъсирчилъи гьукъиялда нотариаталъул кIвар» темаялда дипломалъулаб хIалтIи. Дие бокьун букIана нотариаталъул ихтияразулаб обществалда, жамгIияталъул гIумруялда бугеб гIемер рахъазулаб кIвар рагьизе.

***Нотариусасул социалияб кIвар...***

– Нилъер щивав чи гIумруялда жанив цо нухалъгIаги ккана гурищ нотариусасухъе, – ян бицунеб буго Мадина Минажутдиновналъ, – гьаниб кIвар буго гьесул чилъиялъул хасиятазулги, цIикIкIунисель нотариусасда цересел гIагараздацин лъалареб щинаблъидал лъалеб.

Гьелдаго цадахъ, Мадинада жакъасел тIалабазе жаваб кьолеб нотариаталъул букIинесеб бихьулеб буго гIатIидго онлайн хъулухъал гIадамазе гьариялъулъ. Пандемия бугеб мехалъ киназего якъинлъидал нотариаталъул цифровизация ва дистанциониял хъулухъал хIажат рукIин. Амма цIилъабаз кинго хисизе рес гьечIо, щвалде щвараб консультациял-

да цадахъ малъа-хъвайги щолеб, гIадамасулаб гьоркьоблъиги ракI рагьараб хаба-чIабарги.

– Юристасул махщалица тIалаб гьабула инсанасул гIамал, гьесул мурадал ричIчIизе лъай. Цо-цо мехалда, битIараб хIукму къотIизе ккани, хIажалъула сабруги. Юристасул хIалтIи тIей гьечIого бухьараб буго психологиялда. Гьединлъидал батила, гьелда кIиабилеб профессионалияб лъай босизе лъикIаблъунги бихьараб.

– Россиялъул жакъасеб нотариаталъул хаслъилъун ккола, советияб заманалъ гIадин гьеб гIицIго хIукуматалъул кверщаликь гуреб, хасал гIадамазухъе кьун букIин. Бокьараб ихтияразулаб гIуцIиго гIадин, нотариатги цIилъулеб, бюрократияб чIамучIлъиялдаса къанунияб рахъалдехун камиллъулеб буго. Амма щибав нотариус юрист ккола, амма щибав юрист нотариус кколаро. Гьалъие жиндиего нотариусасул хъулухъ буго къануналъул бакъвараб хIарп «бадиса бадибе» гьоркьоблъиялде сверизабизе кIолеб ишлъун.

– Нужеда лъалищ, гIемераб бараб букIуна нотариусасда, гьесул жиндирго махщалида тIад хIалтIизе, пишацоялгун дандбазе лъаялда. ЛъикIав нотариусасул бицуна гIадамазда гьоркьоб, гьесухъе, камилав махщалиласухъе хIисабалда, ритIула лъалел-хъвалел, гьесде бачIуна божилъи.

Мадина Абушевалъ рикIкIунеб буго нотариаталда ракI ккун чIей лъикIаб гьечIин, гьаниб Республикаялъул Нотариалияб палатаялда суалал тIуразе корпоративияб гъунки хIажалъулилан.

– Нижер гьоркьоб лъезе жо гIемер букIуна, – ян абулеб буго гьелъ. – Ва гьеб гIицIго корпоративияб нухмалъи гуро. Ишцоязул цоцазда гьоркьоб рикьалаби руго-ни, бажаруларо захIматал ишазул дандбан бицинецин.

Мадинал руго, гьелъухъ гIенеккизе гъира базабулел, гIемерал идеялги пикрабиги. Гьелги гIицIго хIалтIулал гурелха. Гьалъ гьимигун бицунеб буго, къоялъул низамалда чIезе кIвани, заман сундуего гIезабун бажарулилан.

Жиндирго ракIчучилъун бугеб хъизамалъул бицунеб буго хасаб рокьигун.

– Ясги васги – дир хасаб, гьезие кьолеб къимат тIокIаб заман. Ясалъ худграф лъугIана, вас жеги школлъимер. Гьезулъ бихьула дида дирго гIумрудул хадусеб...

## ***ТIаде жубай творчествоги....***

– Творчествоялъ туркIи кьола инсанасул жанисеб ахIвал-хIалалъе. Гьеб буго, асарал, пикраби, гIумруялъул принципал рижизарулеб хасаб ахIвал-хIал.

Дие гьечIо искусствалдаги юриспруденциялдаги гьоркьоб кIудияб рикьи. Гьел руго жанисеб дунял бечед гьабулел, цоцазде тIаде журалел, пикру бижизабулел бутIаби.

***Лъималгун цадахъ Мадина дунялалъул гIемерал бакIазде щвана, гьелъие кIвар буго гьезда жидерго бераздалъун тIабигIат, тарихиял бакIал, архитектура, машгьурал художниказул суратал рихьиялъул. Гьелъ рикIкIунеб буго гIажаибаб, дунялалда релъенлъи гьечIеб Дагъистаналъул хаслъи цIуни тIубанго гIолилазда бараб бугилан. Гьез тIаде босизе ккола мугIрузул улкаялъул яхI-намусги, рахьдал мацIалги, тарихги, гIадаталгун маданиятги цIуниялъул иш.***

***ГIайшат Тажудинова***



# Бабае барки!

«Баба» – гьеб рагIи гIадаб гьуинаб гьоцIо жеги
ГьанжелъагIан найица тIугьдуздаса босичIо.
«Баба» – гьеб рагIи гIадаб гъварилъи камилаб хIор
Кавказалда жегиги лъиданиги батичIо.

«Баба» – гьеб рагIи гIадаб борхатаб мугIрул тIогьиб
ТIавап гьабизе жеги цониги цIум боржинчIо.
«Баба» – гьеб рагIи гIадаб рагIад кIудияб гъотIокь
ХIалхьи гьабизе жеги нухлулав гIодов чIечIо.

«Баба» – гьеб рагIи гIадаб тIокIкIараб ва тIагIамаб
Иццухъа лъим гьекъезе лъицаниги кIал чIвачIо.
«Баба» – гьеб рагIи гIадаб сахаватаб квер жеги
Кумекалъе лъицаго лъихъениги бегьичIо.

Керен кьун хьихьаралъухъ, кини кIибикIаралъухъ,
Киналго тIалабазухъ, баркала, баба, дуе!

*Фазу ГIалиева*

# Бокьарабахъ

– Дуда бичӀчӀулеб гурищ, МухӀамад ГӀаббасович, дун театралда 25 соналдасаги цӀикӀкӀун хӀалтӀун йикӀинги «Халкъияй» цӀаралъе дун лъидасаго цӀакъ мустахӀикъай йикӀинги? – ян гьикъулеб букӀана гьелъ, релъарал бераздасан магӀу баккизабизе хӀаракатги бахъулаго. – Узухъда, дун директорасул лъадилъун йикӀаго, лъиданиги рагӀи абизе кӀолеб букӀинчӀо, гьанжейин абуни…

МагӀазатица жийго лъолей йикӀана жахӀда кӀудиял ва ракӀ квешал пишацоязул къурбанлъун.

– Щиб гьанже?! – ян кӀвахӀалго гьикъана регионалъул театралияб бутӀаялъул жаваб кьезе тарав дандияс. Ва жинцаго жаваб кьуна: – Щибниги гуро! Театралде ячӀаралдаса дуца хӀан гьечӀо цониги роль, аслиябцин гуреб, ЦО-НИ-ГИ! ЯчӀун шапакъат тӀалаб гьабулей йиго!

– Дун гьезда рихун йиго! Дун республикаялъул мустахӀикъай артистка, захӀматалъул ветеран! Дуца щиб, гьел дие мустахӀикълъичӀого щвараллъунищ рикӀкӀунел?! – илан, бералги нахъе хъамун, МагӀазат йортизе лъугьана…

– Вай Аллагь! – ан хӀинкъун лъугьарав хӀакимас хӀаракат бахъана, некӀого чӀурканай гурей, чӀужугӀадан кквезе, амма МагӀазат, рекъечӀел гьаркьалгун, чӀарбида речӀчӀана, жиндаго хадув кьари-гъарияв бихьинчиги цӀан…

АхӀи-хӀуралъухъе жание екерарай секретарша гьалгъан хутӀана, кидаго сабурав, кьвararав хӀаким, мисалияв рукъалъул бетӀер ва кӀудияб хъизаналъул кӀудаэмен ригь арай чӀужугӀаданалъул къвалакъ гӀодов гиргидилев вихьидал….

ХӀалицаго тӀадеги вахъун, галстук битӀизабулаго:



– Нахъе къотIе гьай гIадан гьаниса! – ян, ццидалго гьаракьги гьабун, ракI ккуна гьес.

– Дуе квешищ лъугьараб? – ан гьесда аскIое кIанцIана МагIазат, секретаралдехун юссун, – дуда бихьуларищ чиясе квеш лъугьун! – илан цалхинеги цалхун, – МухIамад ГIаббасович, дун тIасияб анкьалъ ячIинин хIукмуялда хадуй... ГьабсагIат гьадал жахIдачагIи рохизаризе инин, дие «Халкъияй» цIар кьолеб бугилан харбица.. ЦIуне мунго!

Гьел рагIабигун МагIазат къватIие ана.

ТIокIав тIадвуссинарин, машинаги ахIун, хIалуцарав МухIамад ГIаббасовичги рокъове ана.

Кьер тIурав рос вихьидал, гьесул чIужу «щиб ккараб жо!» – илан рахIат хун лъугьана.

– ГьабсагIат бицинин, рекIее цо щиб букIаниги тIинкIе...

– Мун хIалтIудаса нахъе рехунищ, нилъер лъималазе щиб букIаниги ккунищ... Бице!

– Мадина, дуда лъалищ МагIазат Идрисова? – ян гьикъана гьес ахирисел соназде щвезегIан театралъул литературияй хIалтIухъанлъун хIалтIарай лъадуда.

– Лъида гьей лъаларей. Щиб гьелъ гьанжеги гьабураб? – ан цIехана лъадуца, хIалица релъиги кколаго.

– Дихъе ячIун йикIана...

– Вай, щибизегIаги? Щиб гьараб? Лъидалъун хIинкъаби кьурал? Ялъуни дуде тIаделъунищ йикıарай? Мунгун гьеб иш билъунареблъи дида лъала, – ян росасул гъажалдасан квер бахъана Мадинаца.

– ВахI, долъул ругьунаб ишищха доб? – ан гIажаиблъана МухIамад ГIаббасович ва кинабго лъадуда бицана.

– ТIасияб анкьалъ ячIинила хIукмуялда хадуй...

– ЯчIаян абе, – ян ургъелго гьечIого жаваб кьуна лъадуца. – Дуда лъалеб батиларо, дуда цевесев нухмалъулес, гьей сабаблъун, камераби лъун рукIун рагIула кабинеталда. Охранаялъул кIудиясухъ батизе ккола гьелъул духъе ячIиналъул бахъараб-тараб, дуца хIадуре прокуратураялде гIарза... ГьабсагIат дица бицинин щий гIадан гьеяли. АнцIго соналъ цадахълъидал ниж хIалтIарал. ХIалтIанин гьелъул хIакъалъулъги



кин абилеб, гӀицӀго харж кьолеб къоялъ ячӀунаан театралде!

– Лъицаха долъие дида цере рарал мустахӀикъалъул, ветеранасул цӀарал ва шапакъатал кьурал?!

– Театралде гьей йосана, гьанжего гьанже директорлъун тӀамурав, росас. Гьес бетӀерав режиссерасда гьарун, цо гьитӀинаб рольги кьуна гьелъие. Амма гьей артистка йиго гӀицӀго жиндиего жо тӀалаб гьабиялъулъ. Цониги рагӀи ролалъулги лъазабичӀого, цоги актрисаялъ гьабуна гьелъул хӀалтӀи. Спектакль лъикӀ индал, тӀолго труппаялъе хӀурматалъул грамотаби ва премиял кьуна. Гьезда гьоркьое МагӀазатги ккеларищха. Хадусеб пьеса лъолагоги гьебго такрарлъана... Амма МагӀазат киданиги сценаялде яхинчӀо: цин унтун, цин отпускаялъ, цин декреталде ун (анлъго лъимал гьаруна гьелъ). Лъимал гӀемерай эбел хӀисабалда, гьелъ жидеего тӀалаб гьабуна квартираги участокги! Гьей тӀаса йичӀизелъун, министерствоялъги гьелъул щибаб гьари тӀубарабха! Дуда рагӀун букӀанищ гӀусазул?

– Кинал гӀусазул?

– Берцинал. Металлокерамика! Доб мехалъ гьел лъей цӀакъ хираго букӀана. Гьелъин абуни щибаб идараялде яккун бицунеб букӀун буго актрисаялъул цаби-гӀусал берцинал рукӀине ккolin ва, ахир-къадги, театралъ гьелъие гӀусал-цаби лъуралъухъги гӀарац кьун буго.

Театралда ругьунлъун ккун рукӀана гьей йикӀиналде, гьелдаго цадахъ гьечӀолъиялде. ТӀаде щвана театралъул юбилейги!

– Ва МагӀазатица...?

– МагӀазатица жиндиего «мустахӀикъалъул» цӀар тӀалаб гьабунаха. Грамотаби, хӀалхьезегӀан баркалаялъул кагътал, гӀурал стажалъул сонал... Ихтияр букӀун...

ГӀемерисел гьунар бугел гӀолохъанал актеразе щвечӀо, алъие кьуна. Узухъда, театралда байбихьана разилъунгутӀи. Гьей нахъе рехеян тӀалаб гьабулеб букӀана хӀалтӀухъабаз. МагӀазатица чӀезабулеб букӀана жиндие ролал жахӀдачагӀи сабаблъун кьолел гьечӀилан. Ролал кьедал, гьел хӀанги бажаринчӀо. ГӀуцӀана комиссия, амма гьанибги МагӀазатица питна гьабуна, гьаб жахӀдачагӀазул комиссиялда цее жий яхъунарин, жиндие гьеб Москваялдаса яхӀеян.

Министерствоялда бичӀчӀана Москваялдаса комиссия ахӀиялдаса МагӀазатие харж кьейго учуз чӀолеблъи. Гьелдаса хадуй МагӀазат тӀубанго хӀаладаса ана: рукъарухъаби жиндие гурдал рукъизе, далакал катӀари къачӀазе тӀамизе байбихьана гьелъ. Гьабиларин чӀарай Надежда, кодоб гӀащтӀигун хадуй лъугьун, чӀвазецин яхъана гурищ долъ! Милициялде лъазабилин абидал, гьелъ рос гьусулаан: «Нахъе рехе, рази гьечӀел! Кьоге гьезие ролал! РитӀуге къецазде!»

Гьаниб росасги хӀехьечӀо: цин гьекъолдизе лъугьана, хадуб хӀалтӀудаса нахъе ана. «Гьев гӀадав, букӀинесеб гьечӀев, гьекъолдухъангун» нилъер бикаялъ гӀумру гьабилищха. ЯтӀалъана... Амма гӀамалалде ячӀинчӀо... БетӀер сверарай!

– Валлагь бетӀер сверарай гуро! Бокьарабахъ йиго гьей! – илан хӀасил гьабуна МухӀамад ГӀабдурахӀмановичас ва прокуратураялде къокъана.

***Ажа ГӀабдурахӀманова***




Сагира Сунгурова

*– ...Дица абила: ватIаналъул махI чIвачIого лахIзаталъцин чIезе кIоларо.*

*– Кинаб гьеб ватIаналъул махI букIунеб?*

*– Гьеб гIуцIараб буго миллион бутIабаздаса... Мисалалъе, гьадаб къурул махIалдаса...*

*– Къуруялдагийищ махI букIунеб?*

*– Узухъда, гьелда буго гIасрабазул махI, гIасрабазда – туманкIул харил, захIматалъул, бахIарчилъиялъул. ГIасраби кIетIола гIадамазул ракIаздалъун...*

*Фазу ГIалиева*

# ВатIаналъул гъуинаб махI...

***Дие некIого бокьун букIана журналист, гIалимчIужу, дипломат, бизнесалъул гIадан ва берцинай, ракIалъ йосулей чIужугIадан Сагъира Сунгъуровагун дандчIвазе. ГIемерал соназ цебе гьалмагъалъухъе «Илчи» газеталъул редакциялде щведал, лъай-хъвай ккун букIана дир гIолохъанай мухбиргун. Дида ккана гьей гьанжего гьанже школа лъугIарай, эбел-инсуца гогьдаризаюрай, гIанчIай лъимер йигилан. Амма Сагъира ятана ДГУялъул инфакги лъугIун, «Гулливер»школалда ва вузалда хIалтIул хIалбихьи бугей гIадан...***

### *Лъаялъул пайда*

– Дир унгоги тIалаб-агъаз гьабулаан рокъоcез, вацасулги яцалъулги гьединго. ГIагарлъиялъ махсаро гьабулеб букIаниги: «Гьай ясалъул хIеренлъи, цIурал хинкIазул цIад баниги, гьезда хадуй къватIие яхъине кIвеларо алда», – йилан, тIалаб-агъаз букIана рекъараб... Ниж гьитIинаб къоялдаса нахъе лъай тIалаб гьабиялде куцарал рукIана. Эбелалъулги инсулги буго кIи-кIи тIадегIанаб лъай. Киналго дипломалги «багIарал» руго. Ниж, лъималазги школалги месе-дил медалазда лъугIана, вузалги – тIокIлъигун...

– Нилъ цо гIелалъул чагIи руго, – ян гьимана эмен, МухIамад Сунгъурович, – нилъеда лъидасаго лъикI бичIчIиларищха лъаялъул пайда.

– Нижеца квекIенал гьаричIо лъималазе лъай щвезе, гIумруялда жидерго бакI балагьизе бугеб гъираялъе, – ян тIаде жубана эбел ПатIиматица, бакьгун хинкIалги, «нисирал чуттуги» (тумазул хIанилъ пурщаби), тIад гьекъезе чайги нижеда цебе лъолаго.

***– Нужер лъимал Россиялдацин гурел, гьаниса гIезегIан рикIкIадлъидалха гIумру гьабун ругел...***

– Сагъира, дур вац Сурхай вуго СШАялда, мун – Дубаялда, дур рос – шамалъулав. Кин гьедин ккараб?

– Нужеца кIвар кьун батила, дир фамилия Сунгъурова-аль-Дагъистани букIиналде. Дир рос Моханнад ккола тумазул АхIмадхановазул тухумалъул чи. Гьесул кIудияв эмен ккола Гъумекиса, цойгидал мужагьиралгун 1877 со-




налъ гьев гочана бакъбаккуде. Вахъана ГIусманиязул армиялъул генераллъун, чIвана Ливаналда. Гьесул лъади – тумай хутIана лъималгун жийго. Гьелъ гIезаруна гьел цIаларал ва къадруял чагIилъун. Росасул кIудияв эмен ва гьесул вац цIалана Франциялъул Сорбонналда. КIудияв инсул яц йикIана Сириялъул Хомсалда тIоцеесей чIужугIадан-учительницалъун. КIудияв инсул вацги гьейги гIолохъанго хвана. Живго кIудияв эмен гIемерал соназ хIалтIилев вукIана Шамалъул гIараб республикаялъул ХIукуматалда. Лъалаан щуго мацI.

Доб заманалда дагъистанияз чияр ракьалда жидерго хаслъи цIунизелъун росулаан Дагъистани, аль-Дагъистаниян фамилиял. Гьел дандчIвазе бегьула Туркиялъ, Египеталда, ГIиракъалда, Мароккоялда, Иорданиялда... Росасе индал бичIчIана дида «Буттал аьрщи – инсул ракь» и «Ниттил маз – эбелалъул мацI» рагIабазул магIна. Гьеб буго эбел-инсул бигун ва рахьгун гIелалъ гIелалъухъе кьолеб рокьи... Дир бетIергьанчиясул анищ буго, гIумру гьабун бажаричIониги, умумузул ракьалда рукъ букIине, лъималазул цонигиял тарихияб ватIаналде рахъине.

Гьаниб бицине ккола, лицеялдаса хадуб дун журфакалде цIализе лъугьинехъин йикIана, амма къисматалъ хъвавухъе, лъугьана ФИЯ ялде ва лъазабизе байбихьана немцазул мацI. Лъабабилеб курсалда гIахьаллъана ЮФОялъул германистазул конференциялда ва босана гьениб тIоцебе-

себ бакI. ДГУялда цIалулаго, 2004 соналъ дие бергьун букIана 1386 соналъ кьучI лъураб Карлилги Рупрехтилги цIаралда бугеб Гейдельбергалъул университеталда стажировка. Дун йикIана тIоцеесей дагъистанияй, гьеб щварай. 2005 соналъ гьединабго конференция ДГУялда тIобитIидалги бергьана дун.

Дир диссертация немцазул ва тумазул мацIазул темпоралияб семантика данде кквеялдасан букIиндал, дица гIарза кьуна Людвиг-Максимилианил цIаралда бугеб Мюнхеналъул университеталде. ЛМУялъул мацIал лъазариялъул факультеталде профессор Вольфганг Шульцел ассистентлъун хIалтIизе ахIана дун. Гьев вукIана 13 мацI жинда лъалев, 69 лъазабулеб букIарав гIакъилав ва цIаларав инсан. Дун гIажаиблъун хутIана тумазул мацIалда хъварал текстал гьес бигьаго ва гъалатI гьечIого цIалулел рихьидал.

### *Хадуб букIана жамгIияб... дипломатия*

ВатIаналде тIадюссиндал, дун хIалтIана Москваялда, Россиялъул гIолилазул ва лъималазул цолъиязул Миллияб советалда. Машгъуллъана жамгIияб дипломатиялде. ГIемер сверулаан дунял, гIуцIулаан халкъазда гьоркьосел форумал ва лагерал, Подмосковьялда бугеб «Этномир» гIолилазул централда фестивалал. Этнопаркалда буго 100 дунялалъул халкъазул подворье, Дагъистан гьениб цебе лъун буго Дербенталдалъун. Миллияб совет букIана Сочиялда ТIолгодунялалъулаб гIолилазул фестиваль тIобитIиялъул аслияб гIуцIарухъанлъунги.

***– Бице МГИМОялъул.***

– МГИМОялда жамгIияб дипломатиялъул лъай борхизабиялъе цIалана дун. ЙикIана Россиялъул ЖамгIияб палатаялъул гIолилазул пулалъул членлъун. Дица жаваб кьолаан Германиялда ва Франциялда тIобитIараб Кавказалъул ракълил лагерь, Россиялъулги Германиялъулги гIолилазул форум гIадал проектазул.

2012 соналъул апрелалда дун ахIун йикIана ФРГялъул федералияв президент Йоахим Гаукил инаугурациялде, гьебго соналъул декабралда – Нью-Йоркалда тIобитIараб ООНалъул генассамблеялъул 67аб.сессиялде, 2014 соналъ Страсбургалда тIобитIараб Европаялъул Советалъул хIалтIуде...

***– РачIа Эмиратазда гIумруялъул бицине. Дуца абуна росасда аскIое ОАЭялде яхъанин. Гьев дова хIалтIулевищ вугев?***

– У, Сириялда университетги лъугIун, гьев хIалтIилев ва гIумру гьабун вуго Дубаялда. Нижер руго кIиго лъимал. Вас Сурхай ва яс Лорена, гьел дуда гъоркьисала Гъумекир рихьун рукIана.

***– Гьениб дида бихьана дур лъималаз цоцазда гьоркьоб ингилис, кIудиял эбел-эменгун гIурус ва тумазул мацI бицунеб букIин.***

– Моханнадида, дидаго гIадин, лъала чанго мацI. Рокъор ниж цоцазда кIалъала ингилис ва тумазул мацIазда. Васасги байбихьун букIана тумазул мацI бицине, лъала ингилис, лъазабулеб буго гIараб. Ясги ккола «билингва». Гьел

цIализе уна гIурус школалде, амма гьениб кIудияб кIвар кьола гIараб ва ингилис мацIал гъваридго лъазариялде.

***– Дуца Дубаялдаги жамгIияб дипломатияйищ бачунеб бугеб ялъуни лъималазейищ кьолеб тIолабго заман?***

– Дица гIорхъичIвай гьабичIо гIицIго лъималзе тарбия кьеялдалъун. Гьел гьитIинал мехалъцин йикIинчIо дун тIатIала квералги лъун. Дир букIана дунго бетIергьанаб бизнес, ковид сабаблъун гьеб къазе ккана. ГьабсагIат гьудулзаби: лезгинай Самирагун, табасаранай Имарагун цадахъ нижер буго гьитIинабго маркетингалъулаб агентство. ЦIар лъуна гьелда «SIS Marketing», – илан, нижер цIаразул тIоцересел хIарпал, гьездаго цадахъ ингилисалда sisters – яцал.

Гьоркьоб къотIизе течIо дирго рукIарал пишацоялгун гьоркьорлъабиги. 2020-22 соназ Дубаялда гIуцIана ва тIобитIана Pro ARTE Италиялъул премия кьеялъул тадбир. Гьединго дун ккола Германиялъулгун Эмиратазул клубалъул гIахьалчIужу.

***Жакъа, метер ва кидаго...***

***– Дида бичIчIанихъе, дуца рехун тун гьечIо гIелмуги журналистикаги...***

– Гьеб кинабго кутакалда интересаб гьечIищха! Дица гьабуларо щибниги дирго рекIее гIолареб хIалтIи. Дагьаб цебегIан гьудулзабигун нижеца гIуцIцIана «Роскошь без границ» туристазулаб проект. Туралда гьоркьор руго салул авлахъалдасан сафари, Дубаялда гидгун экскурсия, нетворкинггун яхта, рукъарулеб фабрикаялде, Синегириялъул Университеталде щвей ва гь.ц.

Журналистикаялъул хIакъалъулъ абуни, дица къотIикъай хъвана ингилис мацIалда унел «STYLFEMINA» ва «IMPACTPRENEUR» журналалгун. ТIоцебеселдасан дица бицине буго цIалдолезда Эмиратазул бажарарал руччабазул, кIиабилелда: гIалимзабазул, бизнесменазул, машгьурал чагIазул.

***– Мун ккола «Impact Fashion Walk», Фэшн шоуялда Россиялъул дизайнеразул вакилги. Цойги?***

– Гьединго дун йиго гIараб базаралде рахъине бокьарал чанго кIудияб Россиялъул компаниялъул вакилги. ХIалтIула чанго туроператоралгун. ЦIакъ бокьун буго дир ватIаналъул, Дагъистаналъул Эмиратазда цIикIкIун лъазе.

ХIадурана Дагъиздаталда къватIибе бахъизе дирго кучIдузул тIехь, бокьун буго рагьизе халкъазда гьоркьосел тадбирал тIоритIиялъе кумек гьабиялда хурхараб, дунго бетIергьанаб иш.

Сундул хIакъалъулъ нижеца Сагъирагун бицаниги, ниж рачIунел рукIана, рекIелъ щивав инсанас кидаго жиндир махI цIунун букIунеб ватIан – гIагараб Дагъистан, Къуркъли, Гъумекиб рехсеялде.

***БитIккей дуе сундулъго, Сагъира Сунгъурова-аль-Дагъистани!***

***Ажа ГIабдурахIманова***

# Инсул нухдасан



*Инсул горде щвечIо, инсул шал щвечIо,*
*Дадал канлъийилан кодой ячинчIо.*
*МоцIгин бащдаб дица тIубараб мехалъ*
*Ун ватана эмен ВатIан цIунизе.*
*АнцIила микьилъго чIегIералги ран,*
*ЧIунтун букIана ракI борхиларедухъ,*
*Амма эбелалъул рукъ таралдаса*
*Цониги бачIинчIо ракI боххараб къо...*

***ЧегIерабгун хъахIаб суратaлдасан дихъ балагьун йиго биццатаб, берцинаб гъалалъул, рази-ракияб гьумералъул гIолохъанчIужу. Гьелъул бадисан халлъулеб буго, кигIан гIумруялда гIакъуба-захIмат бихьаниги, чIужугIаданалъул бажариги, таваккалги, ракI аваданлъиги, ккаралъуб хIалтIизабизе бихьинчилъиги гIунги тIокI борчIун букIин.***
***Дир макъалаялъул жакъасей героиня ккола улкаялъул хIинкъи гьечIолъиялъул органазда (цебе-КГБ, гьанже ФСБ) лъебергоялдасаги цIикIкIун соналъ жий хIалтIарай «ЗахIматалъул ветеран», гIуцIиялъул рикIкIен гIемерал баркалаялъул кагътазулгун, хIурматалъул грамотабазул, къиматал сайгъатазул, «Контразведкаялда гьабураб хъулухъалъе гIоло» гIаламаталъул мустахIикълъарай, жамгIиятчIужу, сахаватчIужу Загьрат МухIамадовна ГIамиргIалиева.***

Гьелъул эмен, багIарав партизан, Таймасханов МухIамад вукIана 1919-21 соназ граждан рагъулъ гIахьаллъарав чи. 1927 соналде щвезегIан гьев хIалтIана Хунзахъ районалъул милициялъул органазда (УГРО). 1927 абилеб соналдаса нахъе хIалтIана ВЧК, ОГПУ ва НКВДялъул ва НКГБялъул органазда. ХIалтIул заманалда ДАССР юстициялъул комиссариаталъ гьесие кьун рукIана гIемерал хIурматалъул грамотаби. КIудияб ВатIанияб рагъ байбихьараб мехалъ, МухIамадица бан букIана 41 сон, витIулевго гьечIониги, гIар-



заги кьун ана гьев фронталде. 1943 соналъ МухIамад цо кор боркьараб рагъулъ захIматго лъукъула ва гьев госпиталалдасан рокъове витIула. Рагъул кьогIлъиялъ гIагарлъиялдацин къосинеб хIалалъ хисун букIуна базалияв, берцинаб къартIалъул бихьинчиясул сипат. Рагъулъ щварал ругъназул хIасилалда, рокъове щун анцIго къойиде, анлъго лъимерги нахъе тун, гьев Аллагьасул къадаралде щола. Гьелъул эбел Загьидатие кутакалда захIмат букIана кIудияб хъизан хIатIазда бахъун чIезабизе.

Бадиб магIуги ххулун бицунеб букIана Загьратица, жийго гIадин бесдалалги кодор ккун хутIарай яцгIалгун, бугеб къайи-цIа, гIарцул алатал, тIанса-салмагалги хIамида тIад къан, гьеб гIатI-тIехалъухъ хисизе Чачаналъе эбел хьвадулей йикIараб куцалъул. Хъизамалда бищун гьитIинай йикIаниги, цIикIкIарал яцал СагIадатги ПатIиматги (цояй паспортазул столалъул нухмалъулей, цояй - КГБялда) хIалтIулел рукIиналъ, жидее цодагьаб бигьалъи букIанилан бицана гьелъ. МичIчIил чурпа кваназе ккечIониги, жал, гьитIинал чагIи зазилаби (кьибил кваналеб заз) рахъизе гIурдаде унаанила. Мадугьалихъ рукıарал ГIалихIажиясул, къойица хурир хIалтIулел рекьарухъабазул, лъималазцин: «Ал ракъун ратиларищ?» – ан инсуца абидал, – «ГьабсагIат ванана, гIорцIана», – йилан гьабулаанила намусаб жаваб. КигIан ракъараб заман букIаниги, чIахIиязги гьитIиназги чехьалда яхIалъул къоно чIвараб, кIиабилеб хинкIиде квер бегьизе нечараб заман букIанила доб, гьанжесеб заманалде данде ккун.

ЧIахIиязда цадахъ, хъутабазда цIоросаролъ бухъулел, рецарилел, боцIуе хъулухъ гьабулел рукIун руго анкьго класс гурого лъугIичIел Загьратги гьелъул гIелбащадалги.

– ГьабсагIат, бер чIван, бихьаницин сорола, доб мехалъ шурулел жалазул (борхьазул – авт.), хIутI-хъумуралъул жуниялда гъоркь, кIудияздаса къечIого хIалтIулаан ниж. Рукъалъул хIалги бичIчIун, 9 класс лъугIарай дун хIалтIизе ана Буйнакск шагьаралъул трикотажалъул фабрикаялде. (Елъулаго) Артисткалъун цIализе ине букIараб гъираялъ, гIумрудул ригьгиха дица кIиго соналъ цIикIкIинабун (1940) хъван букIараб. Амма дир гьеб «анищ» тIубачIо. Гıицıго яцлъиялъулаб гьудуллъи букıана дой Аллагьасул къадаралде щвезегıан, Россиялъул мустахıикъай артистка Сидрат Мажидовалъулгун. ЦIалун лъугIизабуна Хасавюрталъул росдал магIишаталъул техникум.

1962 соналъ Загьрат хIалтIизе ячIуна Хунзахъе территориали-

яб производственниябгун росдал магІишаталъул управлениялде, секретарь-машинисткалъун. 1971 абилеб соналъ Загьратил хІалтІудехун бугеб лъикІаб бербалагьиги гІурус мацІ лъайги бихьун, районалъул нухмалъиялъ гьей ячуна хІалтІизе ДАССРалъул КГБялъул Хунзахъ районалъул управлениялде, гьений жавабчилъиялда хІалтІула 12 соналъ. 1983 соналъ Загьрат гочуна Гъизилюрт шагьаралде ва 18 соналъ КГБялъул управлениялъул отделалда секретарьлъун хІалтІула. ХІалтІулъ гьей йикІана мисалияй, гІадатияй, захІмат бокьулей, гІаданлъи бугей, ракІбацІцІадай хІалтІухъанлъун. Гьелъул квераздасан ана управлениялъул гІемерисел хІалтІухъаби, гьабсагІаталъги гьел хІалтІулел руго тІадегІанал батІи-батІиял хъулухъазда ФСБялъул структурабазда гурелги, гьединго хІукуматалъул тІалъиялдаги.

– Лъебералда лъабго бихьинчи гурого, чІужугІадан гьечІеб коллективалдаги хІалтІизе ккана дун, – илан ракІалде щвезабуна Загьратица. Амма киданиги, лъилъниги хІал-ракІ дир хвечІо. Дирго вацаллъун, васаллъун рихьулаан дида цадахъ хІалтІарал киналго. Рукъги хІалтІиги цадахъ бачине кигІан захІмат букІаниги, хІал лъазе течІо гІумруялъул гьудул ХІамзатидаги. Гьелъул гІаксалда, тІолабго гІумруялъ гьесда ракІ гурхІун букІунаан, 1956 соналъ Венгриялда ккарал рагъулал лъугьа-бахъиназда щвараб гуллил кесек гьесул рекІеда гъоркь къан хутІун букІиналъ. Бихьинчиясул адаб чІужугІаданалъ ккведал, сверун ругезги гьесул къадру гьабула, – йилан малъа-хъвайги гьабуна Загьратица гьанжесел ясаздехун юссун.

Загьрат МухІамадовна гІумруялда жаниб дандчІвана гІемерал къварилъабигун. ГІолохъанго, нагагьаб балагьалдалъун, дунялалдаса ратІалъана яц СагІадат ва вац ТІалхІат. Лъабго сон барав чи хвана жиндирго вас. ЗахІматаб унтиялдаса хадуб гІумруялдаса ятІалъана яц ПатІимат, хадуйго кватІичІого хвана эбелги. 2004 соналъ хвана рос ХІамзат.

Амма бахІарчияй магІарулай къуркьичІо захІмалъабазе. Жакъа къоялъги гьелъул бухьен букІуна рикІкІен гІемерал гьудулзабазулгун, жигаралда гІахьаллъула жамгІияб гІумруялда. (Дица гара-чІвари гьабулеб къоялъги гьей гІедегІун йикІана халкъияб «Бузнаса нухалъе» щибаб моцІил пенсиялдасан кьолеб садакъа битІизе почалде ине). Хъвала Загьратица кучІдулги.

Росасе кумек гьабун, рукъзал эхетизелъун, къадал раялъулги хІарщ-ракьалъулги хІалтІаби гуребги, салмагал рессизе, угьаризе, хьухьаризе, юкъаризеги бокьулеб букІун буго Загьратие гІолохъанаб мехалъ.

Росгун цадахъ лебалай хундерил бикаца гІезаруна ва тарбия кьуна 3 васасе. Киналго васаз ракІбацІцІадго хъулухъ гьабуна Россиялъул армиялда, гьезие щвана тІадегІанаб лъай. Киназулго руго хъизаналги, гІун рачІунел руго лъималазул лъималги.

Вас ТІалхІат хІалтІана ЦІумада, Болъихъ ва Хунзахъ районазул ФСБялъул отделазда. Отставкаялде ана подполковникасул чингун. ГьабсагІат гьев хІалтІулев вуго Хунзахъ райадминистрациялъул бетІерасул заместительлъун. Шамил хІалтІулев вуго Хунзахъ райадминистрациялъул росдал магІишаталъул отделалда. МухІамад

хIалтIана ФСБялъул органазда, гьанже пенсиялда вуго.

Загьрат йиго гIадатияй, чIухIи гьечIей, ритIухъай, гIаданлъи бугей ва гьалбал хирияй гIадан. Гьелъ кидагосеб квер чIвалеб букIун буго вацазул лъималазда-ги. Жакъа гьей рекIекълъун йиго-ан додигIан кIудияб хъизаналдаса чIагоялъ цо жийго хутIиялдаса.

Загьрат МухIамадовналъ жиндирго кIудияв эмен, наиб ХIажимурадил вацгIал ва божарав чи, Таймасханил бицунелъул, бичIчIана дида лъидасан щвараб чIужугIаданалъе, доб дица байбихьуда рехсараб бихьинаб гIамалали.

– Жунгуталде Мехтулил АхIмад-ханасул къоролай, гьайбатай НухIбика ХIажимурадие хъамизе иналъул лъалев чи гIицIго дир кIудияв эмен Таймасхан вукIун вуго. Къеда тIасан вахун, хъалаялъул каваби ричIарав чиги гьевгоха. Дун кутакалда чIухIула дир умумузул цIар къадруялда цебехун босизе дида кIун батани…

КIварабха гьеб дуда, сахаватай инсан! ГIелазе мисаллъун хутIизе буго дур гIумру «ракь сверулеб бугебгIан мехалъ».

РакI-ракIалъ баркула улкаялъул хIинкъи гьечIолъиялъул органазул ветеран Загьрат ГIамиргIалиевалда ва, гьей гьоркьой ккун, тIолалго КГБялъул (жакъасеб ФСБялъул) хIалтIухъабазда гьезул профессионалияб байрам – 20 декабрь.

Парахатго, хъизан-лъималазул талихIаб сверулъ таги нужги тIолабго улкаги! Амин.

*Фатима МухIамадова*

# Пикраби

Унго, сунда кIолеб гьаб дунялалда,
ГьадигIанго инсан хисизавизе?
Унго, пикрабазул хIалкIолъи балай,
ХIайванлъун гьавулев вуго аз инсан.
Щайзе дида лъачIеб, чидар ракьалда
Чиякълъи гурони букIунареблъи?
Чи хвараб бакIалде гIодизеги ун,
Инсул росулъ гIадин ракI чучунгутIи.
Росу толеб мехалъ щай дун ургъичIей,
Унеб-бачIунелъул хIисаб гьабизе,
Чи гIураб бакIалде йоххизеги ун,
Инсул росулъ гIадин ракI боххунгутIи,
Дол хъештIерабигин Тобтиде хьвади,
Хьул лъуниги, дие щвезе гьечIолъи.
Гьудул-гьалмагъзаби, доб гIанчIаб заман,
ГIурдада, лъаратIа гIодой чIезе щвей,
Кибе дир тIагIараб доб махсаро-хочI,
Санацацин гурищ гьеб бахъун араб?

Лъий дун къваригӀарай чидар ракьалда,
Рикьилел лъидехун рекӀел пикраби.
Ругел гьудулзаби чиярлъун руго,
Чучизе щоларо ракӀ гӀодобцине.
Нилъер аби буго: «ГӀорцӀун чиясда,
Вакъун чи вичӀчӀулев гӀадат гьечӀилан».
Амма гьанже цӀияб гьудуллъи кквезе,
Кинго хиял гьечӀо гьаб чияр росулъ.
«Нусго цӀиясдаса, цо басрияв лъикӀ»
Гьеб кицигги гӀола гӀумруялъ дие.

# Сидрат Меджидовалде

Йижараб ракь тедал, якьан гуринищ,
Йокьулей гьудулалъ дун рехун тарай?
МугӀрул тун арай дун, тун лъикӀиланищ,
РакӀ бащадай гьудул щвезе ячӀинчӀей.

НуцӀил кӀалтӀе рехун кӀул батулареб,
КӀунабахъе унан барщун ятила,
Театр лъугӀидал данде ячӀине,
Дун Хунзахъ гьечӀелъул кьаллъун ятила.

КватӀун ячӀанани, жаний лъугьине,
Рагьун тараб гордо батуларелъул,
Нижее рахӀат хвей гьабиларилан,
Гьаругьин росулел гьитӀинал хӀатӀал.

Дагьабниги хехго рокъой йиссани,
Стол бухун бачунеб панаяб бакъан.
ХӀамзатида цебе свериги бахъун,
Чехьги чӀван, «Шумайсат» ахӀулеб заман.

Городалде унан гӀадан рихараб
ГӀамалги кьун гьечӀин гьудул, Сидрат, дий.
Кеп-ихтилаталъе данде гьаризе
Гьудулзаби гьечӀин, ячӀунарейищ?

Дир рукъалъул адрес лъачӀонаниги,
ХӀалтӀулеб бакӀгӀаги лъалеб букӀиндал,
РакӀал журан санал гӀемерал анин,
ГӀилла, гьоркьоб ккараб, щиб ратӀалъизе?

Гулангерек
Ибрагьимова



# «Поэзия – рохелги, магIуги, гьаракьги...»

***Гъулангерек Ибрагьимова – тIадегIанаб категориялъул педагог, «Бищун лъикIай рахьдал мацIалъул учитель», «Зи лезги халкь» премиялъул лауреат (2013), 2000 соналъ Дагъистаналъул «ЛъагIалил учитель» цIар щварай – гьаюна Магьарамкент районалъул Бильбиль-Къазмаляр росулъ, хIалтIулей йиго лезги мацIалъул ва адабияталъул мугIалимлъун. Гьелда тIадеги хъвалел руго кучIдул. Гьел рахъана «ЦохIо мун йокьула», «Миллияб школалда музыка», «Булахъ иццухъ», «ХIпедж – умумузул ракь» тIахьазда, «Лезги шииратдин кIунчI» лезги поэзиялъул антологиялда, «Лезги газет» ва «Самур» газетазда, гьединго «Дагъистаналъул чIужугIадан» ва «ЛИttERRA» журналазда.***

***– Щай дуца тIаса бищараб мугIалимасул хIалтIи?***

– ТIоцеесей учительницаялде букIараб рокьуца ячун ятилин ккола дун гьаб рекIел ахIилъун батараб махщалиде. Рахьдал мацI ва адабият кьей тIаса бищана дирго мацI ва лъимал хиралъиялъ, дие бокьун буго гьезие, диего педагогаз кьураб лъай кьезе. Лъимерлъуда гьудулзабигунги школа хIалей йикIунаан дун кидаго.

***– Бице дарс кьолаго бищун хинаб ракIалдещвей.***

– Дирго лъималазул сочиненияздаса мухъал, гьез, дун классалде жание ячIин, дунялго хинлъизабулеб бакъ баккиялде дандекквей.

***– Кин лъималазул рокьи бижизабизе кIолеб дурго предметалде?***

– Жаваб кьела машгьурав хъвадарухъан С. Л. Соловейчикил рагIабаздалъун: «Учитель ккола артист, амма балагьараз ва гIенеккараз гьесие хъат чIваларо. Гьев ккола скульптор, амма гьесул хIалтIаби лъиданиги рихьуларо. Кисаха гьес босилеб къуват щибаб къойилаб пагьмуялъе? ГIицIго жиндидасаго, жиндирго хIалтIул къадру бичIчIиялдаса».

Дида гьев вичIчIула, гьелъ кумек гьабула лъимал дидего цIазеги. Дица тIоритIула адабияталъул гьалбалги ахIун литературиял вечералги, шагIирзабигун дандчIваялги, рагьарал дарсалги, дарсал-къецалги... Лъимал гъираялда гIахьаллъула гьезда киназдаго.

***– Кин хисарал цIалдохъаби, дуца дарс кьезе байбихьараб заманалде данде ккун?***




– Дица дарс кьезе байбихьараб заманалда киназдаго гIадин лъалаан рахьдал мацI. Хиса-басиял ккана цIалул программаялде ЕГЭ бачIиндал, умумузухъе кьуна ихтияр рахьдал мацI малъи бищи-бищунгутIиялъул. Эбел-инсуцаги, лъималазе бигьалъаби ралагьулаго, инкар хъвалеб буго цIалдохъабазда тIоцебесеб классалдасан гьеб малъиялъе. Пакъирзаби лъималазда бичIчIулеб гьечIо сундаса гьел махIрум гьарулел ругелали. Гьезда малъулел руго гIицIго ОГЭги ЕГЭги жидеца кьезе бугел дарсал.

Дида ккола, байбихьул классазул учителас хабар бицине ккелин умумулгун, халкъ цIунизе ккани, мацIги цIунизе ккеялъул.

***– Дур пикруялда, кинаб кIвар бугеб мугIалимасул рахьдал мацI цIуниялъулъ?***

– МацI цIунизе тIадаб буго щивав инсанасда. МацI цIунани цIунун хутIила халкъалъул маданиятги гIадаталги. Рахьдал мацI ккола гьабураб къоялдаса нахъе лъимералъул дуниялгун лъайхъвай гьабулеб алат. Гьединлъидал дица маргьабаздалъун, бицанкIабаздалъун, кици-биценаздалъун лъималазул рокьи бижизабула гIагараб халкъалъул тарихалде.

– Лезги мацI малъизе гIурал тIахьалги пособиялги ругищ?

– ГьечIо. ГьабсагIат сахаватчагIазул кумекалдалъун, «ИМАН» рахIмуялъулаб фондалъ квербакъун, риччалел руго цIиял тIахьал. КъватIире рачIана 5-8 классазул тIахьал, рахъизе руго 9-II классазул тIахьалги.

***– Дуца дарс кьолеб кIикъогоялдасаги цIикIкIун соналда жаниб хисун бугищ лезги мацI лъазабиялде бербалагьи?***

– Узухъда, буго. Лъалаго дагь гьарун руго рахьдал мацI малъиялъул анкьие сагIтал: 5-8 классал-

да цо-цо сагIат адабияталъул ва мацIалъул, 9-II классазда гьелъул иш жеги квеш буго: гьениб гIицIго мацIалъе кьураб цо сагIат гурого, адабияталъул дарс гьезего гьечIо.

***– Бице дурго творчествоялъул. Лъида ва кида дуца тIоцере рихьарал дурго кучIдул?***

– Дирго тIоцересел кучIдул дица эбелалда рихьана. Гьелъие гьел рокьана ва дун хIинкъичIо. ТIоцебесеб кечI букIана ихдалил хIакъалъулъ. 5 классалъул тIехьалда букIана тIадкъай ихдалил кечI, ялъуни сочинение хъвазе. Дица кечI хъвана. МугIалималъе гьеб бокьана. 6 классалда дирго кучIдузул тетрадь дица бихьана, дир бищун вокьулев шагIир ГIалирза СагIидовасул яс, мугIалим Эмина ГIалирзаевналда. Гьелъ гьел инсуда рихьана ва дос диде ругьел бачIана, хъвадари рехун тогеян.

***– Дур поэзиялъул аслияб тематика?***

– Дир гIемерал кучIдул руго эбелалъул ва ихдалил хIакъалъулъ хъварал. Дунялалда гьечIо щивниги эбелалдаса хирияв инсан ва гьечIо ригь ихалдаса берцинаб. Эбелалъул хIакъалъулъ «ЦIуне улбул» абураб тIехьцин буго дир.

***– Дуца рикIкIунищ руччабазул поэзия бихьиназулалдаса батIияб букIунилан?***

– Руччабазул поэзиялда цIикIкIун ракIтIеренлъи, хIеренлъи, недегьлъи букIуна. Гьелъулъ цIикIкIун жанисел асарал рихьула.

***– Кин лъугьараб дур творческияб цIубай?***

– Дун йохарай йиго къисматалъ I983 соналъ дие машгьурай шагIир ва лъикIай инсан Фазу ХIамзатовна ГIалиевагун дандчIвай сайгъат гьабиялдаса. Гьелъ дие кьуна



кIиабилеб хIухьел, пагьму. Дир кучIдул рихьидал, шагIиралъ дие хъвана Москваялъул литературияб институталде рекомендация кьураб кагъат. Амма, педучилище лъугIарай дун, эбел-инсуца гьедин рикIкIаде йиччачIо. Хадуб дица заочно лъугIизабуна ДГПУ. Дир кучIдул руго 3, 4, 5 классазул цIалул тIахьазда. ГIемерал кучIдузе композитораз хъвана бакъанал. Гьел рагIула тадбиразда, радиоялдасан ва телевидениялдасан.

2019 соналъ дун йосана Россиялъул хъвадарухъабазул Союзалде. Дун ккола анкьго сборникалъул автор. Гьезул цояб, «ГIажаибаб макьу» бахъана кIиго мацIалда: лезгин ва гIурус (таржама Е. Чекановасул). ТIехьалда буго лъабго поэмаги, гьезул цояб «Фазу – ракълил хIинчI» дица сайгъат гьабуна Фазу ГIалиевалъе.

***– Къимат кье жакъасеб лезгиязул поэзиялъе, адабияталъе.***

– Лезгиназул адабият бечедаб буго гьунар бугел къалмил устарзабаздалъун, гьале гьел: Къияс Мажидов, ГIалирза СагIидов, Шихнесир Кафланов, Шах-Эмир Мурадов, Расим ХIажи, ГIалибег ФатахIов. Бокьула цIализе Арбен Къардашил, Майрудин Бабахановасул, Ханбиче Хаметовалъул, Билал ГIадиловасул, Нажмудин Шихнабиевасул, Седагет Керимовалъул, Пакизат Фатуллаевалъул, Минаят МутIалибовалъул, Мердали Жалиловасул ва гь. ц. асарал. Йохула МухIамад Ибрагьимов, Владик Батманов, Муса АхIмадов гIадал гIолохъанал, махщел бугел шагIирзаби раккиялдасаги.

***– Ахиралдаги, бице щиб кколеб поэзия?***

– Гьеб буго рохелги, магIуги, гьаракьги, гIодиги, булбулалъул кечIги, иххазул чилиги, тIанхазул шур-шурги... Цо рагIудалъун абуни, поэзия ккола шагIирасул, цIалдолев пикру гьабизе, гIодизе, вохизе, чIухIизе тIамулел, рекIелълъан рачIунел асарал.

*Руслан Бакъидов*



# Ккана нилъ къоринире!

***Цо кинабалиго 20-30 соналъ цебе, нилъеда цебе чӀезабизецин кӀолароан, дунялалъул киб бакӀалда нилъ ругониги, бокьарав чиясулгун хурхен нилъер чвантиниб букӀунилан абураб жо. ЦӀакъ хехго ккуна нилъ аб тӀолгодунялалъул гьиналъ – интернеталъ. Алдаса рорчӀизе кӀвейги щакаб жо буго. Гьабилеб дарман щиб?***

Ккун рукӀахайилан тезеги бегьилаан, алъ нилъер бащдаб гӀумру бахъун унеб гьечӀебани. Гьаб гордунисан баккун гьимун, доб гордунисан баккун жирун, берцинал бакъанал рачун, гӀажаибго берцинал тӀабигӀаталъул суратал цере рехун, йорчӀамийилан цояв, яхъарайищилан цойгияй, ма гьаб кофе гьекъейилан лъабабилей, дуе кьолареб жо кӀваричӀила, долларазул цӀурал машинаби, меседилъ ччун рахъарал рукъзал, дунялалда ругелщинал нигӀматазул гохӀ, хӀохьлачинаго гургуралъул бох… хадубги гӀемеееераб гвала-рахас… камураб жо батуларо чвантинибе ккун, нагагь цо гьаб виртуалияб гуреб, дунялалъулгун гӀумруялъул тӀалабазде щуго минуталъ машгъуллъани.

Цо-цо чиги кӀалъан, гьес битӀараб жоги цӀалун рукӀаралани, цо жо букӀана. Гьанже рукка-руккалаби ккун тӀаделъана ал нилъеде. «Однослассникалила», «однокурсникалила», «мадугьал-къонойила», «тухум-кьибилила», «яцгӀалзабийила», «нилъергоялила», «чияралги дунгийила», «рокьучкабийила», «гьогьмашкабийила», «цо гамитӀа рукӀаралила», «ассоциациялгун ассамблеялила», «тиятир бокьулелила», «хӀукумат бахъинабулелила», «жамагӀатила», «жамгӀиятила», «жумхӀуриятила», «сиясиятила», «тарихила» ва гьел гурел цойгидалги, гьезда релъаралги группабаз цӀцӀан ххинабуна нилъеда. Цо пикру байбихьудаса ахиралде щвезегӀан, нусиялда кӀикъоялда анцӀила микьго нухалъ кӀвар батӀияб жоялде буссинабун, квал-квал гьабун, гӀатӀхала бетӀер.

Гьаб, телефонилан цӀар букӀаниги, тӀубараб дуниялго жаниб бугеб жоялде тӀаде къулун унеб бугеб щинаб заман, нилъеца дунялалъеги ахираталъеги пайдаяб жо гьабулаго инабулеб букӀарабани, гьалеха, вац, дун гӀадада вукӀинчӀо дунялалда, гьабги, гьабги, гьабги пайдаяб жо гьабуна дицаян, цебе лъезе жогӀаги букӀинаан. Гьанже гьабулеб бугеб жоялъул, я кодоб кквезе гӀоркь гуро, я гӀодоб лъезе тӀину гуро. НацӀица

къо гуккун, къвалуца бо гуккун, къваригIинеб лъалареб, къваригIинареб лъалареб информациялъул асирлъуда.

Цойги рахъ босани, гьелго вацапаздасанги, жамгIиял гьиназдасанги, лъикIалдаго цадахъ, чан гIадалаб, гIантаб, мекъаб, тIекъаб жоха тIибитIизабулеб бугеб. Цо бетIер жагъалав чияс битIизе бегьила гIантаб жо цойгидасухъе... Пикру гьабеха, ле, щиб мурадгун, кинаб пайдаялъе гIоло тIибитIизабулеб жо гьебали, цойгиясухъе рехилалде цебе. Щибго гуреб жо батани, гьеб бакIалдаго, тIад хIетIеги чIун, чIчIинтIун лъе. Дуего кириги батила.

Цо кибалиго щибалиго ккaнилан бачIуна рехун, къиямасеб къо гьениб чIаниги ургъел гьечIел чагIазул кисинибе. ЦIодорал чагIаз, жидехъаго гьабун бажарулеб жо гьечIони, Аллагь гурхIагихайилан, дугIа-алхIамги гьабун тола. ГIабдалазабазул тIел багъарула, щибила-кинилан, нусго гьереси тIад лъун, азарго жидедаго цере тIамурал жал тIаде журан, гьанибе рехун, добе хьвагIун, цIехрех гьабизе. Азие аб щай? ТIокIаб ургъел гьабизе жойищ дурго азбар-къоноялда гьечIеб? ГьедигIан лъикI Аллагьас хьихьун ватани, щукрудал какал ралелгIаги рукIине ккеларищ, къватIул харбазул мониторингалда рукIинчIого.

Гьанже кигIан гьитIинабги ккараб жо бугони, цIадулъе нах тIолел чагIи гурони, маслигIаталъе кIал кIалъалел чагIиги къанагIалъун руго. Жалго тун рукIаралани, некIого рекъолел рукIарал чагIи, хадуб кваял жамгIиял гьиналги кумекалъе рачун, гьорозарун, понцIозарун, биччизабун, бигъинабун ругъунгун, гIумруялъ гьумер битIуларел тушманзабилъун гьарула. МунагьазукьагIагийищ хIинкъуларел.

***Гьабни гьадин бицун бахъунеб тема гуро, ясал. Жакъа гIела. Баркала цIалаяльухъ. Бичас биччани, хадубги хъвала)).***

***Баху МухIидинова***






*ХIажи Гъазимирзаев*

# Инсул мина

ГанчIил къадал ругеб, къанил тIох бугеб,
ТIад михир бачунеб дир инсул мина,
Гьале дир бечелъи, гьале дир дунял,
Дун ВатIан бокьизе тIамураб бокIон.
Гьанисан тIамуна тIоцебе дица
Дирго гIумруялде гIащикъаб гали,
Гьаниб гIин кьурана, кьуна баркала,
Велъана, гIодана, гIуна кIудияв.
Дие гьаниб щибго гIагараб буго,
Дие гьаниб щибго хирияб буго:
ТIохде чIвалеб мали, чIар гьурщулеб тIох,
ТIингъилъ дун вегулеб рагъидул рагIал.
Варакъалъ къачIарал къватIаздаги дир
Гьанта битIуларо, гьаниб гIадинан,
Гьава-бакъ рекъарал дол курортазда
Танкуларо керен, гьаб гъасда гIадин.
Дида ккола гьаниб, гIагарай эбел
Дунгун данде чIвазе къачIан ятилин;
Рагъидул рагIалде дандеги вахъун,
Инсуца хинаб квер дихъе бегьилин.
Гьанисан борцуна дица дир ВатIан,
Гьеб рокьи бикьула дица ракьалъе,
Гьеб рокьи гьечIони, гьечIо дир улка,
Гьеб улка гьечIони, хваралъ вуго дун.



# Кьураб жоялдаса инкар гьабуге!

***Хириял ясал, яцал, улбул, руччаби! Баркула нужеда тIаде щолеб 8 март! Гьарула чорхое сахлъи, рекIее парахалъи, лъималаздаса рохун хутIаги, рукъ буцIцIун хутIаги, хабар лъикIаб гуреб рагIугеги!***

Руччабазда некIого бичIчIана, цо гъорлъе-гъорлъе раккичIого, махсаро-хочIалде сверизабун таниги бегьулеб паразникI 8 март букIин. Гьединлъидалин нилъ, рохун-хинлъун, нилъерго бихьиназ кьурал бокьарал сайгъатал къабул гьаризеги хIадурал рукIунел. Сайгъат къабул гьабичIони – гьезул ракIалги чармил гурелъул – кеш букIинарищ? Хасго, лъабго-ункъо моцIрол харжги данде рехун, сайгъаталъе машина босун бугони... Яги, лъагIелалъ хадувги векерахъдун, хъизангун курорталде инейилан путевкабиги ралагьун, гьел сайгъат гьаризе 8 март бачIинегIанги чIун вугев чиясда, гIака къинлъизе замангги щун бугила, гали бахъиларила жинца курорталдейилан чIужуялъ абуни – гьеб сунда релълъараб жоха букIинеб? ТIадежоялъе инфарктал инсульталги рукIунелъул ал бихьиназда нахъа чIун. Ворегиха, яцал, гьединал гIадалал жал нужеца гьаруге!

Азбаралъул бокIниб бижун батараб тIегь букIаниги, тIалъелгун цадахъ хьаг букIаниги, щвата, сапун, сонтIол патрон букIаниги – кьураб жоялдаса инкар гьабуге! ГьитIиналдаса инкар гьабуни, кIудияб щвечIогоги хутIизе рес букIуна. Исана, гьадинал гIоркьал ругеб хьаг бокьун букIинчIила жиндиейилан, мун мекъдарани, тIадеялъул, тIаде лъикIаланго шагьи-пара щвараб соналъги, дир лъадуе сайгъаталго рокьуларилан, рокьулелъухъе цо гьитIинабго букIаниги бирлианталъул баргъич босун инеги бегьула дов дур бетIерчIахъад, яги чIахъунгутIад! Воре мекъдаруге! Хасго 8 марталъ.

ХIасил-калам, сайгъатаздаса нилъеца инкар гьабиларо, 8 марталъали щай гурин, цоги батIияб къоялъ кьуниги. Гьеб ургъелниги бихьиназда тIаса босизе кIоларого нилъ рукIинаро. Гурищха, ясал?!

ГIемерай яккарана дун, гьал бихьиназул щиб пикрудай бугеб 8 марталда хурхунилан. Гьебги лъазе ккеларищха нилъеда. Батана, араб гIасруялъго хъвараб букIаниги, мунагьал чураяв ГъазимухIамад ГъалбацIовасул гьадинаб пикру. РачIа цо бихьиназул пикруялъухъги гIенеккилин.

***«МагIарулай» журналалъул редактор Баху МухIидинова***

# Йоял, баркула нужеда!



***Хириял руччаби, нужеда киданиги ракIалде ккезе бегъуларо цохIо 8 марталъ гурони бихьиназе нуж рокьуларилан. Рокьула.***

Нижеца киданиги инкар гьабичIо нужее бихьиназда ращадал ихтиярал кьезе ккелин абураб рагIудаса. Киданиги махIрун гьаричIо нуж суркIа-щурун чуриялдаса, ретIел-кун букъиялдаса, рукъ лъухьиялдаса – ножее бокьа-бокьараб гьабизе риччан тун руго. Кинай чIужугIаданалда абизе кIолеб, рос вачIун вукIанин цогIаги нухалъ гIака бечIчIизе дун виччаян гьарун? ВачIунаро. Бихьиназда цIакъ лъикI бичIчIула нужехъа ихтиярал рахъани, нуж мекъдарулеллъи. Нуж мекъдаризе лъугьани – гIазаналагьха!

Нуж мекъдаризе бегьула 8 марталъ... Нагагьлъун рос вачIани рокъове тIугьдулги росун – мекъдаре. Дуе херги босун вачIине ккани, асда мун щийилан ккарай? Цо-цоялъул рокъове бетIергьанчи вачIине бегьула батIи-батIиял махIал ругел лълъималги росун. «Туда-сюда», – илан тIирун чIа мун, лъикI мекъдаре. Досали дуда духи бугилан абила... Амма щиб лъалеб щиб гьебали? Бихьиналги киналго гуро лъикIал рукIунел, гьезда гъолъги ратула гIинда разе жал росулел, бирллиантал сайгъат гьарулеб «порода». Нуж къуркьуге! Цо гIилла гьечIого нухде рехун мохмох букIунаро, – ян абун буго цараца, – чIалгIаде дур гIинда цIумур баларо. Кие-кие мун унеяли лъазе бараб батани – лъугIана гурищ иш!

ХIасил-калам, 8 март буго, хириял руччаби, ургъунго илбисалъ нужер хIалал рихьизе кьураб къо. Илбисалъул хIалтIи гуреб батани, щайха гьеб къо, битIун чорхолъ би гьалаглъулеб заманаялъ, ихдал кьураб? Нуж къамартIе!

Амма, гьари буго – гьадинаб къоялъ гуреб кида гьарилеб, – микьабилеб марталъ гурони мекъдаруге! ЛъагIалил хутIанщинал къояз зама-заманалдасан, нижги тохлъизарун, гьиме.

Нужеца абула бихьинал гIантал жал рукIунилан. Ругоха, нижер дагIбаго гьечIо. ГIантал рукIунлъидал нижеца аб къохьол дуниял бихъ-бихъун балеб бугеб – нужеца букъе. Нужехъа гIадин бихъараб щинаб бакI букъизе нижехъаги бажариларо. Бажараниги бихьиназда рекъон гьечIо гIемер къеркьон щвараб ихтияр нужехъа бахъизе...

Гьединлъидалин, хириял руччаби, щибаб соналъ бихьиназ, сахаб щинабги гьарун, нужее кIудияб баркалаги кьун, захIмалъиялда, гIодор ккезегIан квана – гьекъон, байрам кIодо гьабулеб.

Сахлъи кьеги нужее къохьол дуниял букъизе!

***ГъазимухIамад ГъалбацIов. 07.03.92***

Сакинат
Алкъадарская



# РакIал рагьидал…

***Буго гьелъул балаялъулъ гъваридаб жанисеб дунял рагьулеб цо гIажаибаб асар. Дандиясухъ кIвар къун гIенеккулаго, гьей гIедегIулей гьечIо хехаб жаваб кьезе, щибаб рагIиялда тIад ургъизе ва берцинал рагIаби рала-гьизе …***

### *Къисматалда тухумалъул лъалкIал…*

Балъголъи батизе бегьула гьелъул умумузулъго, щибаб цIар машгьураб, тухумалъул тарихалда жаниб лъалкI тараб…

Сакинат Бейдулагьовна пикрабалъе ккана… Гьелъул кьалбал ккола батIи-батIияб заманалда халкъалъул къисматалде асар гьабурал умумуздасан рачIарал. КIудияв эмен ХIажи-Къурбан ХанмухIамадов, I937 соналъул репрессиязде гъорье ккарав, чIван хадув ритIухъ гьавурав гIурус офицер. КIудияв вац ГIумар ХанмухIамадов инженер, Граждан ва КIудияб ВатIанияб рагъазул гIахьалчи. Гьесул ирсилал ккола машгьурал: искусствовед Селим Хан-МухIамадов ва литературовед Мариэтта Чудакова. Инсул цIикIкIарав вац Эседулла ХанмухIамадов – табасараназул хъвадарухъан, миллияб алфавиталъул соавтор. Инсул яцал: Зумруд ХанмухIамадова, шагIир, миллаталда гьоркьой тIоцебесеб тIадегIанаб лъай щварай чIужугIадан, Айдын ХанмухIамадова – машгьурай шагIир.

– Гьединаб гIажаибаб тухумалда киназего кьун рукIинарищха гьунарал, – ан бикьана гьелъ нижедехун. – Дир эмен Бейдулагь ХIажикъурбанович ккола Хив районалъул Къандыкъ росулъа тарихчи, философ, шагIир ХIасан Алкъадарил (эбелалъул рахъалдасан) ва Югалъулаб Дагъистаналда машгьурав ракьазул бетIергьан ХIажи-Кутайил (инсул рахъалдасан) тухумазул чи. Жиндир заманалда, лъай босиялде бугеб гъира-цIаялъ, гьев вачана республикаялъул учительзабазул къебелъи – Пединституталде. Гьесул эрудиция, энциклопедиялъулаб лъай бихьичIого хутIичIо ва, лъайкьеялъул министерствоялъул ахIиялда рекъон, гьев хIалтIана Дагъучпедгизалда табасаран мацIалъул редакторлъун. СССРалъул ГIелмабазул Академиялъул мацIазул институтги лъугIун, цIунана кандидатасул диссертация. Цинги гьев ахIана Тахо-Годил цIаралда бугеб гIелмиябгин цIех-рехазул




институталде рахьдал мацIазул отделалде, докторасул диссертация цIунун хадуб, гьелъул заведующийлъунги хIалтIана.

АнцIго соналдасаги цIикIкIун соналъ нухмалъи гьабуна ДПТИялъул гIурус ва къватIисел мацIазул кафедраялъе. АнцIила щуго соналъ Бейдуллагь Къурбанович хIалтIана РАНалъул ДНЦялъул мацIазул, адабиятазул ва искусствоялъул Институталда.

– Инсуе гIелмияб хIалтIи букIана гIумрудул ишлъун. Гьесие рахьдал мацI чIолаан къеч буссунеб иццул бакIалда.

Сакинат Бейдулагьовналъ эмен рикIкIунев вуго рокьи ккарав гIащикълъун ва бицунеб буго эбел-эмен киноялда гIадин данделъанилан. ГIагарлъиялъухъе щвезе ХачIмасалде вачIараб мехалъ йихьарай I8 сон барай сабурай ва берцинай Аминаца асир гьавула гьелъул эмен тIоцебесеб къоялъго. Гьесие квал-квал гьабуларо гьезда гьоркьоб букIараб анцIила цо соналъул ригьалъцин.

Сакинат, лъималазда гьоркьой бищун гьитIинай, цIализе лъикIай йитIула ингилис мацIалде цIайи бугеб I3-аб школалде. МацIазде, адабияталде гьира бугей йикIаниги, чIахIиял классазда гьей ячуна математикаялъул классалде.

– Доб букIана лъикIаб замана, – ян ракIалде щвезабулеб буго Сакинат Бейдулагьовналъ. Школалъул директор Николай Ильич Чиненный вукIана гIажаибав инсанги директорги. Рагъул гIахьалчияс кIудияб кIвар кьолаан щибав цIалдохъанасде, гIуцIцIулаан цIалуе шартIал, хIалтIулъе цIалаан гIолохъанал, бажари бугел педагогал.

Гьеб киналъго дилъги, цIикIкIарал вацал Имамгун Мурадилъги куцана школалъул дарсазде рокьиги букIинесеб махщел бищизе лъайги. Имамица тIаса бищана ДПТИялъул лъедалъун хьезариялъул факультет, Мурадица гьенибго чагъир гьабиялъул факультет. Дие щвана кIиго махщел – технологияб ва филологияб. Эбелалъе бокьун букIана дун тохтурлъун яхъине, инсуе-гIелмуялда тIад хIалтIизе, филололглъун йикIине. Дир хьул букIана ДГУялъул инязалде.

Инсухъги гIенеккун, дица тIаса бищана ДПТИялъул «консервированиялъул технология» факультет. Гьеб букIинчIо гъалатI биччайлъун. Доб мехалда республикаялда цебетIун бачIине букIана консервазул промышленность ва гьелъ лъикIаб букIинесеб кьолаан. Институт лъугIун хадуй дун йитIана Воронеж областалъул Острогожск шагьаралде. Лъималазул кванил цехалда мастерлъун хIалтIулаго, дир гъира букIунаан батIияб культураялъул, хIалтIуде батIияб бербалагьиялъул гIадамазда хадуб халкквезе. Гьел рукIана хIалтIуде жавабчилъи цIикIкIарал, ракI рагьарал, щолеб жоялда хъантIичIел чагIи. Дие кутакалда бокьулаан дирго хIалтIи, амма 2I сонил ригьалда дидасаго кIудиял гIадамазда тIад нухмалъи гьабизе бигьаяб букIинчIо. Лъана гIадамазда гъорлъ йикIа-яхъине, гIаммаб, пайдаяб ишалда хIалтIизе.

### *БатIияб гIумру*

Рокъое тIадюссиндал, хIалтIана производствоялда. Ана росасе, гьаюна яс. Циндаго гъира ккана кIиабилеб тIадегIанаб лъай щвезе.



Сакинат Бейдулагьовна заочно цІализе лъугьуна Москваялъул Пачалихъияб Педуниверситеталъул филологияб факультеталде. Чанго соналдасан гІурус мацІалъул кафедраялъул заведующий Энвер Шейховас гьей ахІана ДГМУялда цІалулел къватІисел пачалихъазул студентал хІадур гьариялъул отделениялъе нухмалъи гьабизе.

Сакинат Бейдулагьовна хІалтІулеб заманалда жаниб гьенир цІалана Ираналдаса, Азербайджаналдаса, Камеруналдаса, Иорданиялдаса, Афгъанистаналдаса, Перуялдаса, Египеталдаса, Нигериялдаса, Палестинаялдаса, Суданалдаса, Зимбабвеялдаса, Пакистаналдаса ва гь.ц. хІукуматаздаса І3о ялдасаги цІикІкІун гІолилал.

Гьай гьимулей йиго жиндирго отделениялда экзотикиябилан абулаго. ЦІалул заманалда жаниб гІагараб ва божараб, педагогасда эбелиланцин абулеб, интернациналияб хъизан лъугьанила жидер.

– Гьеб гІажаиблъизе ккараб жо гьечІо. ВатІаналдаса рикІкІад ругел гьезие гІоларого букІуна хъизаналъулаб хинлъи. Гьеб буго дир бокьулеб хъизан ва дица жаваб кьезе ккола киназулго ва щивасул.

Сакинат Бейдулагьовналъ дагьаб заман кьоларо класстун къватІибехунисеб хІалтІуеги. Отделениялъул студентал гІемер щола музеязде, театразде, гъираялда гІахьаллъула къецазда, экскурсиязда. Волонтерал хІисабалда, концерталъулал номералгун лъималазул рокъоре хьвадизеги цІакъ бокьула гьезие. «Студентазул их» фестивалалдаги жигараб гІахьаллъи букІуна подотделениялъул студентазул.

Дагъистаналъул миллияб политикаялъул ва диниял ишазул министерствоялъ Сакинат Алкъадарскаялъул хІалтІи кІодо гьабуна ХІурматалъул грамотаялдалъун, руго гьелъул ГІолилазул ишазул министерствоялъул, чанго университеталъул, Гьудуллъиялъул КІалгІаялъул, поэзиялъул Театралъул баркалаялъул кагъталги.

Гьелдаго цадахъ, отделениялда гьелъ бачунеб буго кІвар бугеб гІелмияб хІалтІи. КъватІисел пачалихъаздаса студентал вузазда гьоркьосел, республикаялъулал, халкъазда гьоркьосел конференциязул ва форумазул кидагосел гІахьалчагІи ккола. Цо-цо ургъизего заман гІунгутІиялъул кверщаликье ккей жиндица рекІелъе биччаларилан мукІурлъана Сакинат Бейдулагьовна.

***Нилъер героиня гъорлъ йосун, рекъон ккун йиго мугІрузул улкаялъул тарихияб араб, гьанжесеб ва букІинесеб хъварал машгьурал Алкъадариязул хъизаналъул гІадатал цІуниялъул пайдаяб ишалда гъорлъ.***

***ГІайшат Тажудинова***



*Гlандисей. К. Чутуевасул сурат*

Зухра
МухIамадова



# ТIоцебесеб иргаялда гьеб берцинлъи ккола…

***Дагъистаналда художественнияб гимнастика гIезегIан цебетIун букIаниги, гьеб машгьураб гьечIо цойгидал, бихьиназул спорталъул тайпаби гIадин. Кинабха кIудияб спорталдаса индал спортсменкабазул къисмат кколеб? Гьелъул хIакъалъулъ нижеца гьикъана художественнияб гимнастикаялъул рахъалъ спорталъул мастер, Россиялъул чанцIулго чемпион, 25 соналъ цебе гьеб спорт таниги, жеги къартIаб черхалъул, гIолохъанай гIадан Зугьра ГIалиевна МухIамадовалда. Спортги тун, гьей къогогIан соналъ хIалтIилей йиго МахIачхъалаялъул шагьаралъулаб округалъул нотариуслъун.***

– Художественнияб гимнастика буго гIолохъаназул спорт. Спортсменаз байбихьула цудунго, цудунго гьеб тезеги тола. Ниж гимнасткабаз «херлъиялъул» ригьлъун рикIкIуна 22 сон. 16–17 сон баралго, дун гIадин, ясал уна спорталдаса, – ян пашманго гьимана накъитцояй.

***– Кин мун яхъарай, гьабсагIат Дагъистаналда гьеб спорталъул рахъалъ цо гурого гьечIей, Россиялъул спорталъул мастерлъун? Цогидал киналго кандидатал руго.***

– Щай? ТIоцебесеб иргаялда гьеб берцинлъи буго. Гьеб дида бичIчIана щуго сон барай чIужу эбелалъ МахIачхъалаялъул №3 ДЮСШялде ячиндал.

***– Зугьра ГIалиевна, лъала дур эмен дов машгьурав тохтур ва инсан, Дагъистаналъул халкъияв герой ГIали ГIадамов вукIин. РакIалда буго 20 соналъ цебе гIицIго кIиго тохтурасул цIар букIана киназулго кIалухъ.***

– У, дир эмен ккола Дагъистаналъул мустахIикъав врач ГIали ГIалиевич ГIадамов. Абула, дун гьесдаго релълъарай, мурад цебе ккурай йигилан. КигIан рокьаниги, ниж эбел-инсуца гогьдаризарулароан, тарбия кьолаан кьварараб, лъикI цIализе ва киналъулъго тартиб цIунизе малъулаан. Дир вацги лъабайго яцги лъикI цIаларал руго, дица школа тIокIлъигун лъугIизабуна. Вац Аскандар ккола Дагъистаналъул лъим ххаялъул Федерациялъул президент. Инсуца, гIемер хIалтIун, тана сахлъи цIуниялда жиндирго цIар, эбел



Булбул Гъазиевна хIалтIана республикаялъул захIматалъул ва социалияб хьезариялъул министерствоялъул контролиябгун ревизионияб отделалъул бетIерай специалистлъун. Кин гьей сундего регIулей йикIараяли дида бичIчIана дунго лъабго лъимадул эбеллъун яхъиндал. Эбелалъ рукъ бачине гьабсагIатги гьабула дие кумек.

***– Щиб ишалда ругел дур лъимал?***

– ЦIикIкIарав вас СагIадуца меседил медальгун лъугIизабуна РМЛ ва лъугьана Москваялъул МИФИялде. Гьес ххалаан лъим, гIахьаллъулаан грэпплингалда ва ММАялда. Руго шапакъатал. ХIалтIулев вуго Москваялда МИЭДалда. ГьитIинав вас МухIамад-СагIид – цIалул отличник вуго №13 гмназиялда, гугарун щвана чанго шапакъат. Бищун гьитIинай яс Амираги гьебго гимназиялда йиго. СССРалъул спорталъул мастер Галина Ивановна Карловалъухъе художественияб гимнастикаялде хьвадула гьей. Амма дида данде, гьелъ рикIкIунаро спорт гIумруялда аслияб ишлъун. Дир батIияб букIана бербалагьи. Спорталъ кумек гьабуна дие гIумруялда данд-чIварал захIмалъаби-къварилъаби къинаризе. Дир ункъо лъимал рукIана, цо яс 12 сонил гIумруялда къадаралде щвана, хIалицаго рукIалиде рачIана гьеб къварилъиялдаса хадур росги дунги...

Дир бетIергьанчи Руслан СагIадуевич МухIамадов «ЦIиял технологиял» ОООялъул генералияв директор вуго. Спорт тедал, дун лъугьана ДГУялъул юридикияб факультеталде. Руслан вачIунаан университеталде жиндирго вацасухъе, гьений гьесда дунги йихьана...

Нижер буго миллатазда гьоркьосеб ригьин, дун ккола Хайдакъ районалдаса даргияй, Руслан вуго Лавашиса аварав. Амма гьелъул кIвар букIунаро рохалилъги къварилъиялдаги – кидаго цадахъ ругони. Гьесул малъа-хъваялдалъун яхъана дун нотариуслъунги. Хъизан бугей чIужугIаданалъе данде кколеб хIалтIи буго гьеб. Амма диего судьялъун хIалтIизе бокьилаан.

***– Шоу-бизнесалда, искусствалда ругезул къанагIат гурого рукIунаро гьудулзаби. Художественияб гимнастикаялда кин букIунеб, йикIанищ дур гьудул?***

– Дир ракIгъураб гьудуллъи букIана цо ясалъулгун. Къецаздаса хадуй гьей кидаго гIодулаан, кIиабилеб-лъабабилеб бакI гурого щвечIолъиялъ. Дун тIоцеесей кколаан гIемериселъ. Нижеда Галина Ивановналъ малъулаан хасият лъадаризе, гьеб бигьаяб иш гуро. Гьей нижедехун тIалабчилъи кIудияй инсаналъ, цойгидазда кигIан квеш бихьаниги, хасаб кIвар кьолаан художественнияб гимнастикаялъ «унтарал» спортсменкабазде. Жидерго ишалъухъ рокьи ккаразе гурого щоларо бергьенлъи.

Гимнастика буго дандечIей цIикIкIараб спорт. Цо къецалда цебе дида халлъана гьудул, гIоди-гIодиялда ян, пашманго йикIин. Дун гьелдаса хадуй цее яхъине йикIана. Гьелъ лъикI бихьизабуна жиндирго программа, дицаги ургъунго чанго гъалатI биччана, гьудулалъе «меседги» кьун «гIарцуе» гурого мустахIикълъичIого йикIинеян.

Тренералда гьеб бичIчIана ва гьей диде ягъана, тIадеги тренировкаби гьаризе тIамун, тамихIалдецин цIана. Къецалда тIоцебесеб бакIги щвана батIияб регионалдаса ясалъе! Дир «садакъаялъ» зарал гьабуна Дагъистаналъулго тIаса бищараб командаялъе! Нахъасан балагьун ккола, куркьби гIадин, бигьаго хьвагIулел жал хIатIалги, бокьухъе кIичIулеб, ракьа гьечIеб жо черхги бугилан. Художественнияб гимнастикаялда камиллъи буго кIудияб захIмат. Нижеца мисал босулаан Ирина Винерил цIалдохъаби, дуньялалъул чемпионкаби Марина Лобач, Александра Тимошенко, Амина Зарипова, Яна Батыршина гIадал спортсмен-



кабаздаса. Гьаб жакъа къоялъги анищ буго дир Ирина Винергун лъай-хъвай ккезе.

***– Цоги дур анищ?***

– Дие бокьилаан Дагъистаналда художественнияб гимнастикаялъул школа рагьизе ва гьеб гьайбатаб ясазул спорталъул тайпа машгьур гьабизе. Рихьизецин бокьиларо кунчI-кунчIарал парталгун, релъа-режарал бихьинал гьеб спорталда цере рахъинарурал европаялъулал цIилъаби.

***– Дуца абилаанищ улбузда гимнастикаялде ясал ритIеян?***

– Узухъда. Бихьизабизе бокьун буго дунялалда нилъеда гугаризеги лезгинка кьурдизеги гуребги лъалеблъи. Художественнияб гимнастика ясазе кьучIалъулаб спорталъул тайпа ккола. Гьелде хьвадараб лъабго соналдасан ясазе рагьула бокьараб секциялъул: кьурдабазул, балеталъул нуцIби. Гимнастикаялъ кьола лъикIаб физическияб форма.

***– Гьелдаго цадахъ гьеб буго хирияб спорталъул тайпа...***

– ТIадегIанал церелъеязул спорт, узухъда, учузаб букIине рес гьечIо. Добго церерахъиналъул костюм босани, цо азарго гъурщиде гурелъул букIунеб. ГьабсагIат гьеб бичун босизегIаги щола. Эбелалъ дие, жиндицаго букъун, бисер тIад угьун хIадурулаан гьеб. Бищунго дида рекъолаан хъахIаб, квер-хIетI, габур халатал рукIиналъ, хъахIаб хIанкъваян абулаан диде, – ян гьимана Зугьра.

***– Дурго халкквеязда ва хIалбихьиялда рекъон, кин ахирал соназ хисараб художественнияб гимнастика?***

– Гимнастика буго хехго цебетIолеб спорталъул тайпа. ГьабсагIат лъималаз 10 сонил ригьалда гьабулеб буго, нижеда 15-йилъ гурого лъалеб букIинчIеб. ЦIикIкIун руго хIинкъи бугел хIалбихьиял, эхеде алат рехидал, бищун дагьаб кIиго нухалъ сверизе кколел руго жидедаго сверун. ЗахIматго букIаниги, художественнияб гимнастикаялъе берцинлъи кьола хIинкъи бугел хIалбихьиязги (риск).

***– Художественнияб гимнастика буго берцинал, гIадамазе рокьулел ва машгьурал спорталъул тайпабазул цояб ва гьелде киназулго букIуна хасаб бербалагьиги. Гьединлъидал, ракI-ракIалъ гьарула дур анищ тIубагийилан ва Дагъистаналда цоги берцинлъиялъул ва узданлъиялъул мактаб рагьагиян!***

***Виолетта Ратенкова***



# Исключительно для женщин – стоматология

# *«Дизайн улыбки»*



Посещение стоматолога – вопрос достаточно деликатный. По какому принципу мы, пациенты, решаем, в какую стоматологию идти? Для кого-то ключевым фактором является качество работы, характер отзывов, кому-то нужно бережное отношение, а кто-то ориентируется исключительно на техническую оснащённость клиники. Об особенностях стоматологии исключительно для женщин мы поговорили с владельцем сети клиник стоматологии для женщин «Дизайн улыбки» Азаматом Мамаевым и управляющей и PR-директором Камиллой Омаровой.

– Женской стоматологии «Дизайн улыбки» порядка 10 лет. За это время было открыто 3 филиала: в Махачкале, в Буйнакске и в Каспийске.

Мы прошли нелегкий организационный путь, заработали себе имидж и репутацию, пережили все кризисы и активно развиваемся, несмотря на огромную конкуренцию, – рассказывает Азамат Мамаев, врач стоматолог-ортопед.

***– Расскажите, в чём секрет вашего успеха?***

– Наверное, в том, что «Дизайн улыбки» – это не только бизнес. Сотрудники, которые приходят к нам, – от докторов до вспомогательного персонала – достаточно быстро вливаются в коллектив, становятся практически родственниками... Из-за этого у нас внутри существует специфическая «домашняя» атмосфера. Со-

трудники спокойны и довольны – это сразу сказывается на отношении к пациенткам.

***– Чем отличаются мужские зубы от женских?***

– Наверное, только тем, у кого они растут во рту – у мужчины или у женщины.

***– Тогда почему вы решили открыть сеть клиник исключительно для женщин?***

– За последние годы у нас заметно изменился менталитет. В Дагестане много покрытых женщин, которые, по понятным мотивам, не могут находиться вместе с мужчинами. Есть и врачи, которые хотят работать только в женском коллективе. Да и неудобно как-то, когда женщины слышат, как от боли стонет мужчина, а женщинам неловко лечить зубы рядом с незнакомыми мужчинами. Ведь ни у кого не возникает вопрос: почему мужчины не заходят в салон красоты?

Но в нашу клинику иногда рвутся пациенты-мужчины, чуть ли не обвиняя нас в гендерной предвзятости. Мы принимаем мальчиков до 15 лет, а вот более взрослым клиентам мы рекомендуем обратиться в другие клиники. Их ведь очень много у нас в регионе.

– Да, у стоматологов большая конкуренция. Как вы привлекаете клиентов? Чем заманиваете? – вопрос к Камилле Омаровой.

– Интересная закономерность – большая часть женщин идет по рекомендации. Вот пришла пациентка в первый раз, ей понравилось. Она идет домой или на работу и делится впечатлениями. А потом ее семья или друзья приходят к нам. Вот, например, у нас многие ходят семьями, точнее, женщины со своими детьми. Заманивать огромными скидками, несуществующими акциями не приходится, – делится секретами управляющая клиники.

***– Случались ли моменты, когда было падение спроса и казалось, что ничего не выйдет и надо бросать?***

– Конечно, за десять лет было всякое. Особенно в годы пандемии. Но мы оптимисты. Даже к кризису в период локдауна относились с пониманием – сразу выявлялись слабые места нашей клиники. Самые трудные моменты давали нам новый толчок для развития – мы вводили новые услуги, новые стандарты обслуживания, новые подходы к работе. И потом, стоматология вечна! Людям всегда нужны зубы – как минимум, чтобы жевать, как максимум – красиво улыбаться.

***– Вы уже достигли серьезного уровня в развитии своего дела. Можете позволить себе расслабиться и просто держать марку?***

– Мы привыкли двигаться вперед! Мы каждый год прирастаем новыми клиентами, новыми услугами, новыми знаниями. Столько всего хочется сделать! «Дизайн улыбки» стал частью жизни каждого нашего сотрудника! – подытожил беседу Азамат Мамаев.

***Виолетта Ратенкова***



# Медицина – это моё!

***Оториноларингология – одна из старейших медицинских дисциплин и основное направление работы клиники «Медицина». Мы пообщались с ведущим специалистом медицинского центра, врачом-эндоскопистом-оториноларингологом Жаваги Лугановой.***

***Она практикует уже более 13 лет. За эти годы Жаваги Луганова серьезно заявила о себе и завоевала авторитет среди коллег и пациентов.***

***– Почему Вы выбрали профессию врача?***

– Проблемы выбора профессии у меня не было, так как родители меня сориентировали, когда я училась еще в школе. У нас в семье и в роду много медработников. Я всегда знала, что медицина – это моё. «Лором» стать решила не сразу, это пришло во время учёбы. Вообще, я хотела быть офтальмологом, но потом дядя убедил меня выбрать оториноларингологию.

Поступила в ординатуру в Москве. Нас из Дагестана было всего двое. После ординатуры я проработала в столице два года, а потом вернулась в Махачкалу. Первое время работала в детской поликлинике №5, а потом перешла в клинику «Медицина».

Оториноларингология специализируется на диагностике и лечении очень широкого спектра заболеваний. Заболевания ЛОР-органов приносят большие страдания человеку, и часто болезни других органов, системные заболевания отображаются через ЛОР-патологии. Когда у тебя есть возможность достаточно быстро помочь человеку улучшить качество жизни, и получается сделать это, испытываешь огромное удовольствие.

Мне нравится моя специальность. Каждый человек, приходящий в медицину, хочет помочь людям. Но что есть помощь людям? Здесь каждый решает для себя. Безусловно, это и сострадание, и улучшение качества жизни, и эмпатия и, конечно, уважение личности.

***– Чем отличается страховая медицина от частной?***

– Для врачей в частной клинике удобный график работы. Я замужем, у меня двое детей, и я могу регулировать часы приема. Это не значит, что у нас меньше работы. Мы принимаем даже больше пациентов, чем в обычной поликлинике. Зарплата у нас зависит от того, как работает врач, от количества пациентов. Да и оснащение частных клиник лучше. Вот я, например, работаю на лучшем «комбайне» в мире!

Здесь я веду и амбулаторный прием, и оперирую – я хирург.

***– Можете выделить определенные тенденции в заболеваниях лор-органов?***

– В нашем регионе у пациентов большие проблемы: затруднено носовое дыхание, а поскольку нос, горло и уши взаимосвязаны, то из одной проблемы вытекает другая. Чаще всего нос дает осложнения на уши. Я принимаю как взрослых пациентов, так и детей. Можно сказать, что я семейный лор-врач.

– Что изменилось в оториноларингологии за последние годы?

– В целом, в медицине изменилось основополагающее для меня явление – отношение к пациенту. Мы стали более чутко относиться к личности, к психологическому состоянию пациента. Опытные врачи недаром говорили, что мы лечим сначала душу, а уже потом тело. Был период в нашей медицине, когда этому уделялось мало внимания, но я очень рада, что сейчас к психологическому комфорту пациента относятся по-другому. Оториноларингология развивается, появляются более физиологичные и щадящие методы лечения, и мы постоянно учимся. Сейчас много открытий на молекулярном уровне, что позволяет более тонко понимать причины болезни и лечить их.

***Виолетта Ратенкова***

# *МЕЛОДИЯ ПРЕКРАСНОГО*

***Мы – Академия стиля Mozart House, лучшая площадка для обучения и подготовки специалистов для работы в ногтевой индустрии. Мастера nail-индустрии уже много лет завоёвывают рынок услуг, и профессия nail-мастер в сфере красоты давно «поднялась на пьедестал» по уровню заработка выше среднего.***

## *Почему выбирают нас?*

Уровень преподавания в Академии стиля отвечает лучшим мировым образцам. Наши учебные программы максимально охватывают все темы, необходимые в дальнейшей работе и обязательно включают практические занятия.
По окончании курсов выпускник получает сразу два документа о профессиональном образовании – российский и международный. Это значительно повышает шансы на трудоустройство.
На рынке beauty-образования мы уже 15 лет, а за плечами – тысячи выпускников и профессионалов своего дела, многие из которых открыли свои салоны.




Мы являемся аккредитованной экзаменационной площадкой центра оценки квалификаций и наделены полномочиями проводить независимую экспертизу мастеров сферы красоты на Юге России.

## *Чему вы научитесь после прохождения курса?*

- Работе с клиентом
- Методам соблюдения санитарных норм
- Работе с аппаратом
- Классическому маникюру
- Комбинированному маникюру с покрытием гель-лаком
- Укреплению ногтевой пластины
- Коммерческим дизайнам и однотонным покрытиям
- Узнаете о физиологии, анатомии и противопоказаниях к процедуре.

Реклама

В нашей Академии проходит уникальное обучение по маникюру и наращиванию ногтей для глухонемых и слабослышащих. Только у нас выпускник получает СЕРТИФИКАТ МЕЖДУНАРОДНОГО ОБРАЗЦА Академии стиля Mozart House, который позволяет работать в любой точке мира!




***Студия красоты «Моцарт»***

Наша студия – это особенное пространство для девушек!

- Мы находимся в центре города Махачкалы
- У нас работают самые талантливые мастера
- Мы тщательно следим за стерильностью наших инструментов
- Мы предлагаем большой выбор оттенков и дизайнов самого лучшего качества и любые услуги в nail- и бьюти-направлении

Мы ждём всех по адресу:
ул. Ярагского, 41,
чтобы сделать вас чуточку счастливее!

***Следите за нами в соцсетях!***





# Красота в глазах смотрящего

Камиль Чутуев, самый известный в Дагестане фотохудожник, ветеран журналистики, много лет был фотокорреспондентом журнала «Женщина Дагестана».

Родился художник 26 августа 1937 г. в с. Кумух. С 1961 г. работал в различных газетах и журналах. Сотрудничал даже с международными изданиями. Многие годы проработал в дагестанских музеях. Член Союза журналистов СССР с 1963 г., заслуженный работник культуры Республики Дагестан, лауреат республиканских премий Союза журналистов Дагестана «Золотое перо» (1991) и «Золотой орел» (2001, 2002, 2006, 2012). Награжден Почетной грамотой Правительства Республики Дагестан, Почетной грамотой Министерства по национальной политике, информации и внешним связям Республики Дагестан, Золотой медалью Всемирного фонда «200 лет со дня рождения Шамиля».

Камиль Чутуев принял участие в сотнях общероссийских и республиканских конкурсов; прошли десятки его персональных выставок. За долгую творческую жизнь он запечатлел в своих прекрасных работах красоту дагестанской природы, неповторимый колорит нарядов и облика жителей районов, увековечил постепенно разрушающуюся удивительную архитектуру старинных аулов и этнографические подробности быта горцев. Творчество Чутуева поистине стало художественной летописью истории нашего края за последние полвека.

Особенно удаются мастеру женские портреты. На его снимках прекрасны все горянки – и маленькие озорные девочки, и девушки в национальных костюмах с кувшинами через плечо, и бабушки с лучиками морщин на лице и натруженными руками.

Художник любезно предоставил некоторые из своих работ для публикации в нашем журнале.

***Гульнара Асадулаева***



*Из Унцукуля. Фото К. Чутуева*



ИНДЕКС ПМ803

4 651116 280082

**Свободная цена**
**6 +**

*с. Гуниб. Фото К. Чутуева*